

KOU DEBAZ

# Prensip pou Lavi Kretyen nan



**Mónica Mastronardi**



# **Prensip Pou Lavi Kretyèn Nan**

Kou Debaz Lekòl Lidèchip la

**Legliz Nazareyen**

Rejyon Mezoamerik

**Karla Cordova**

**and**

**Monica Mastronardi**



Prensip Pou Lavi Kreyen Nan  
Liv seri "Lekòl Lidèchip" kou Debaz

Otè: Karla Cordova ak Dr. Mónica Mastronardi de Fernández

Editè Panyòl: Dr. Monica E. Mastronardi de Fernandez  
Revizeur Panyòl: Dr. Ruben Fernandez  
Tradiktè: Dezama Jeudi  
Revizyonè: Enel Jean Joseph

Materyèl ki te pwodwi pa EDIKASYON AK DEVLOPMAN PASTORAL nan Legliz Nazareyen,  
Mesoamerica Region - [www.edunaz.org](http://www.edunaz.org)  
ak

Ministèr de la Formation de Disciples, Rev. Monte Cyr - Koòdonatè  
[www.Discipulado.MesoamericaRegion.org](http://www.Discipulado.MesoamericaRegion.org)  
[www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org](http://www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org)  
Rev. Monte Cyr - Koòdonatè

Copyright © 2021 - Tout dwa yo rezève

ISBN: 978-1-63580-193-4

Repwodiksyon pasyèl oswa total, pa nenpòt mwayen, san pèmision ekri entèdi.  
Edikasyon ak Devlopman Pastoral nan Legliz Nazareyen an, Rejyon Mesoamerica.  
[edunaz@mesoamericaregion.org](mailto:edunaz@mesoamericaregion.org)

Tout tèks bibliik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm nan korije nan  
lane 1999, sèlman si yo endike yon lòt bagay.

Design: Juan Manuel Fernandez Design ([jmfdesign@gmail.com](mailto:jmfdesign@gmail.com))

Kouvri imaj pa: Josua Jordan  
Kouvri imaj ak andedan paj nan kouvèti yo itilize avèk pèmision anba lisans pa Creative Commons.

Enprime nan Gwatemala



## Tab Matyè

Leson 1	Kisa Adorasyon an ye?	11
Leson 2	Kisa Bib la ye?	19
Leson 3	Kilès Jezi ye?	27
Leson 4	Kilès Sentespri a ye?	35
Leson 5	Pou Kisa Mwen Bezwen Sove?	43
Leson 6	Kòman Mwen Kapab Vin Sanntifye?	51
Leson 7	Ki Objektif Legliz la?	59
Leson 8	Kisa Bib La Di Osijè De Avni An?	67



# Prezantasyon

Seri liv **Lekòl Lidèchip** yo te fèt ak bi pou bay legliz la yon zouti pou fòmasyon, preparasyon ak antrènman ak manm li yo nan lòd pou ke aktivman yo entegre yo nan sèvis kretyen an dapre kado yo ak apèl la (vokasyon) ke yo te resevwa nan men Seyè yo a.

Chak nan liv yo bay materyèl etid pou kou pwogram **Lekòl Lidèchip** ke Enstitisyon Teyolojik nan rejyon Mesoamerika ofri nan legliz Nazareyen. Sa yo se: IBN (Cobán, Gwatemala); STN (Vil Gwatemala); SENAMEX (Vil nan peyi Meksik) ak SENDAS (San José, Costa Rica); SND (Santo Domingo, Repiblik Dominikèn) ak SETENAC (Lahavàn, Kiba). Yon bon kantite lidè nan enstitisyon sa yo (rèktè, direktè, vis-rèktè ak direktè nan syans desantralizasyon) aktivman patisipe nan la konsepsyon pwogram lan.

**Lekòl Lidèchip** la gen senk Kou Debaz ki komen nan tout ministè yo, ak sis kou espesyalize pou chak ministè, ke nan fen kou yo, Enstitisyon Teyolojik la bay elèv la yon sètifika (oswa diplòm) nan Ministè ke li Espesyalize a.

Objektif jeneral **Lekòl Lidèchip** la se: “Pou kolabore avèk legliz lokal la nan ekipe pèp Bondye a pou travay nan ministè a, simante yon konesans bibliik ak teyolojik nan yo ki solid epi devlope yo lè y’ap egzèse kado yo pou sèvis nan kongregasyon lokal ak nan sosyete a”. Objektif espesifik pwogram sa a se twa:

- Devlope kado yo nan ministè kongregasyon lokal la.
- Miltipliye ministè sèvis yo nan legliz la ak kominote a.
- Reveye vokasyon pou ministè pwofesyonèl ki divèsifye a.

Nou remèsye Dr. Mónica Mastronardi de Fernández pou devouman li kòm Editris Jeneral nan pwojè a, kowòdinatè rejyonal Ministè a ak ekip ekriven ak konseptè ki te kolabore sou pwojè sa a. Nou remèsye tou pwofesè ak monitè ki pral pataje materyèl sa yo. Yo pral fè yon diferans nan lavi dè milye de moun nan tout Mesoamerika.

Finalman, nou pa ka sispann remèsye Doktè L. Carlos Sáenz, Direktè Rejyonal RMA, pou sipò pèmanan li nan travay sa a, fwi nan kondanasyon yo sou bezwen priyorite pou yon legliz konplètman ekipe.

Nou priye pou benediksyon Bondye a pou tout disip yo ak tout disip yo ki gen lavi ak Sèvis kretyen yo pral vin rich ak liv sa yo.

**Dr. Rubén E. Fernández**  
**Kowòdonatè Edikasyon ak Devlopman Pastoral**  
**Rejyon Mesoamerika**

# Ki sa ki Lekòl Lidèchip la?

**Lekòl Lidèchip** se yon pwogram edikasyon pou moun ki patisipe nan diferan espesyalite ministeryèl pou enplike yo nan misyon legliz lokal la. Pwogram sa a jere pa mwayen Enstitisyon teyolojik Legliz Nazareyen ki nan rejyon Mesoamerika epi anseye tou de nan katye jeneral yo ak legliz lokal ki anrejistre yo.

## Pou Ki moun Lekòl Lidèchip la ye?

Pou tout manm nan plen kominyon nan legliz Nazareyen yo ki patisipe nan nivo Gras Ki Vini Avan An ak Gras Ki Sanntifye A - Kwasans nan Sentete nan pwogram fòmasyon disip la, yo vle ak tout kè yo pou dekouvri kado yo epi sèvi Bondye nan lè li a.

## Plan - Yon Cheminman Lagras

Pou kontribiye nan fòmasyon entegral manm legliz li yo, Legliz Nazareyen nan Rejyon Mesoamerika a te adopte plan fòmasyon disip Yon Cheminman Lagras a, e te kòmanse pibliye materyèl pou chak nan nivo sa yo. Lekòl Lidèchip la koresponn ak Nivo Gras Ki Sanntifye A - Devlopman Ministè a nan plan disip Yon Cheminman Lagras e li menm ki genyen kòm objektif, founi fòmasyon pou sèvis ministè yo nan legliz la.

YON CHEMINMAN LAGRAS							
<p><b>GRAS KI VINI AVAN AN</b>  <i>“Se mwen menm ki Chemen an”</i>                      Bondye prepare chemen an devan nou. Li lonje men l ban nou epi li fè nou siy pou ke nou vini jwenn li, Li antrene nou nan yon relasyon ki plis pwofon avèk li. Gras sa a te deja vini avan repons nou yo epi an menm tan an tou, li pèmèt repons nou an.</p> <p><b>Non Kwayan</b>  <b>APWÒCHMAN</b>                      Evanjelizasyon</p>	<p><b>GRAS KI SOVE A</b>  <i>“Se mwen menm ki Verite a”</i>                      Jezi ki se Kris la sove nou anba peche epi li kondwi nou vini nan verite a ... verite ki ban nou libète a. Nou resewva kado gras ki sove a lè nou mete konfyans nou nan Bondye. Li rachte nou, epi li fè nou vin yon lòt kreyati epi li adopte nou nan fanmi li.</p> <p><b>Nouvo Kwayan</b>  <b>BATÈM</b>  <b>AK MANM</b>                      Antrènman disip pou nouvo konvèti yo</p>	<p><b>GRAS KI SANNTIFYE A</b>  <i>“Se mwen menm ki Lavi a”</i>                      Lespri sen an ban nou fòs pou nou viv nan konsekasyon konplètman devan Bondye. Gras ki sanntifye a kòmanse nan menm moman kote ke nou eksperimante lavi ki pap janm fini an. Men, sa a ap vini aprè yon kwasans espiyèl nan gras la, jouk, nan yon moman nan konsekasyon konplèt ak abandon total devan Bondye, Bondye ap pirifye epi lave kè a.</p> <p><b>Disip Ki Gen Matirite</b></p> <table border="0" style="width: 100%;"> <tr> <td style="vertical-align: top;"> <p><b>KWASANS</b>  <b>NAN SENTETE</b>                      Soti nan manm pou rive Sanntifikasyon total ak angajman pou sèvi ak ministre.</p> </td> <td style="vertical-align: top;"> <p><b>DEVLOPMAN MINISTÈ A</b>                      Dekouvèt apèl la, ak devlopman kado ak talan yo Lekòl Lidèchip</p> </td> <td style="vertical-align: top;"> <p><b>EDIKASYON</b>  <b>AK KWASANS</b>  <b>KONTINYÈL</b>  <b>POU LAVI AK</b>  <b>SÈVIS</b>                      Kwasans total nan limaj Kris la</p> </td> </tr> </table> <p><b>DEVLOPMAN PWOFESYONÈL</b>                      Fòmasyon espesyalize nan enstitisyon Teyolojik yo</p>			<p><b>KWASANS</b>  <b>NAN SENTETE</b>                      Soti nan manm pou rive Sanntifikasyon total ak angajman pou sèvi ak ministre.</p>	<p><b>DEVLOPMAN MINISTÈ A</b>                      Dekouvèt apèl la, ak devlopman kado ak talan yo Lekòl Lidèchip</p>	<p><b>EDIKASYON</b>  <b>AK KWASANS</b>  <b>KONTINYÈL</b>  <b>POU LAVI AK</b>  <b>SÈVIS</b>                      Kwasans total nan limaj Kris la</p>
<p><b>KWASANS</b>  <b>NAN SENTETE</b>                      Soti nan manm pou rive Sanntifikasyon total ak angajman pou sèvi ak ministre.</p>	<p><b>DEVLOPMAN MINISTÈ A</b>                      Dekouvèt apèl la, ak devlopman kado ak talan yo Lekòl Lidèchip</p>	<p><b>EDIKASYON</b>  <b>AK KWASANS</b>  <b>KONTINYÈL</b>  <b>POU LAVI AK</b>  <b>SÈVIS</b>                      Kwasans total nan limaj Kris la</p>					

Nan Legliz Nazarèt la nou kwè ke fè disip nan imaj Kris la nan nasyon yo se fondasyon travay misyonè Legliz la ak responsablite pou lidèchip li (Efezyen 4: 7-16). Travay disip se yon misyon ki kontinyèl ak dinamik, sa vle di ke, fòmasyon disip la pa janm sispann grandi tankou nan men Seyè a. Pwosis kwasans sa, lè li an sante, sa rive nan tout dimansyon: nan dimansyon endividyèl (kwasans espiyèl), nan dimansyon antrepriz la (enkòporasyon nan kongregasyon an), nan sentete lavi dimansyon (transfòmasyon pwogresis nan nou epi transfòme dapre modèl Jezikri a) ak nan dimansyon sèvis (envesti lavi nan ministè a).

**Dr. Mónica Mastronardi de Fernández**  
 Editris Jeneral Liv Lekòl Lidèchip la



# Kòmman pou itilize liv sa a?

Liv sa ou gen nan men ou lan se pou entwodiksyon kou a: Dekouvri Vokasyon mwen nan Kris la, soti nan pwogram lekòl lidèchip la. Objektif kou sa a se ede manm legliz Nazareyen yo pou dekouvri kado ak apèl ministeryèl yo, epi an menm tan ankouraje yo enskri nan Lekòl Lidèchip yo nan lòd pou fòme tèt yo nan sèvi Seyè a nan yon legliz lokal.

## Kijan sa ki nan liv sa a òganize?

Chak nan wit leson nan liv sa a gen bagay sa yo ladan:

- **Objektif:** Sa yo se objektif aprantisaj ke elèv la sipoze reyalize nan fen etid leson an.
- **Lide prensipal yo:** Se yon rezime ansèyman kle leson an.
- **Devlopman leson an:** Se seksyon sa a ki pi gwo pliske li se devlopman sa ki nan leson yo. Leson sa yo te ekri panse ke liv la se pwofesè a, se poutèt sa ke kontni li yo eksprime dinamik, nan lang senp epi konekte ak lide yo nan mond kontanporen an.
- **Nòt ak Kòmantè yo:** Ankadreman ki genyen espas yo fèt avèk entansyon pou klarifye tèm ak bay nòt ke yo konplete oswa elaji kontni leson an.
- **Kesyon:** Pafwa kesyon separe yo enkli ke pwofesè a ka itilize, prezante, aplike, oswa ranfòse yon tèm leson an.
- **Kisa nou aprann?:** Nan yon bwat ki parèt nan fen devlopman leson an, bay yon rezime tou kout sou sa ke w te aprann nan.
- **Aktivite yo:** Sa a se yon paj final nan chak leson ki genyen aprantisaj endividyèl oswa an gwoup ki gen rapò ak sijè etidye a. Tan yo estime pou fin li yo nan klas la se 20 minit.
- **Evalyasyon final kou a:** Sa a se yon fèy papyè ki nan dènye paj liv la epi yon fwa li fini, elèv la dwe separe ak liv la epi remèt monitè kou a li. Dire estimasyon pou aktivite ranfòsman final sa a se 15 minit.

## Konbyen tan kou a pran?

Liv sa a te fèt konsa pou ke kou a te kapab anseye nan plizyè modalite diferan:

### Kòm yon kou ki genyen 8 sesyon:

An total, 12 èdtan klas nan yon fas-a-fas repete, divize an 8 sesyon de 90-minit. Jou ak lè yo pral kowòdone pa chak Enstitisyon Teyolojik ak chak legliz oswa sant lokal etid yo. Nan èdtan edmi sa a monitè oubyen monitris la dwe gen aktivite ki nan liv la ladan li.

### Kòm yon atelye ki genyen 3 sesyon:

- 90-minit sesyon plenyè (leson 1).
- Sis atelye 90 minit pou chak. Patisipan yo ap asiste youn nan atelye sa yo dapre kado ki pi fò yo (leson 2 a 7).

Dènye 90-minit plenyè (leson 8).



## *Egzanp sou fason pou distribye tan an pou yon atelye jou Samdi:*

Atelye: Dekouvri vokasyon ou nan Kris la

8:00 am	Enskripsyon
8:30 a 10:00 am	Plenarya: Dekouvri kado espartyèl ou yo
10:00 a 10:30 am	Rekreyasyon
10:30 a 12:00 am	Atelye sou espesyalite ministeryèl yo
12:00 a 1:00 pm	Manje midi
1:00 a 2:30 pm	Plenyè, Ki wòl mwen nan kò Kris la?
2:30 a 3:00 pm	Rekreyasyon
3:00 a 4:00 pm	Prezantasyon Lekòl Lidèchip ak Pre-enskrripsyon pou Kou Debaz yo.

### **Ki wòl elèv la?**

Elèv la responsab pou:

1. Enskri nan kou a davans.
2. Jwenn liv la epi etidye chak leson anvan klas fas-a-fas la.
3. Toujou asiste klas ki genyen fas-a-fas la.
4. Patisipe nan aktivite klas la.
5. Patisipe nan pratik ministeryèl nan legliz lokal la andeyò klas la.
6. Ranpli evalyasyon final la epi remèt li bay monitè a.

### **Ki wòl pwofesè kou a?**

Se pastè ki jibile ke Monitè ak monitris pou kou Lekòl lidèchip yo yo dwe ye, moun ki byen angaje nan misyon ak ministè legliz la ak de preferans ki gen eksperyans nan ministè a yo ki pou anseye. Se Direktè Lekòl Lidèchip legliz lokal la ki dwe envite yo (oswa Enstitisyon teyolojik) epi fonksyon yo se:

1. Prepare w depi davans lè w'ap etidye sa ki ekri nan liv la epi pwograme itilizasyon tan klas la. Lè w ap etidye leson an ou ta dwe gen yon Bib ak yon diksyonè nan men ou. Menm si nan leson an yo itilize yon vokabilè ki senp, li rekòmande pou "tradwi" sa yo ki konsidere difisil pou konpreyansyon elèv yo, sa vle di, mete leson an nan langaj ke yo kapab konprann pi byen.
2. Asire ke elèv yo etidye materyèl ki nan liv la epi reyalize objektif aprantisaj la.
3. Planifye ak akonpaye elèv yo nan aktivite pratik ministeryèl lan. Aktivite yo ta dwe pwograme ak planifye ak pastè legliz lokal/ direktè ministè respektif la. Pou aktivite sa yo, nou pa ta dwe retire nan tan klas yo.
4. Toujou konsidere asistans ak kalifikasyon yo nan fòmilè rapò klas la. Elèv la pral wè mwayèn final la oubyen rezilta a nan pwochen aktivite yo:
  - a. Travay nan klas
  - b. Patisipasyon nan pratik ministeryèl andeyò klas la.
  - c. Evalyasyon final.

5. Ranmase fèy “Evalyasyon” an, epi remèt yo ansanm ak “Rapò klas la” , lè ke direktè/tris Lekòl Lidèchip lokal la mete fen, sa se aprè evalyasyon an, fèmen kontwòl la epi verifye ke tout done yo konplè nan fòmilè a.
6. Pwofesè yo pa ta dwe ajoute devwa etid oswa lekti apa de Kontni nan liv la. Si yo dwe kreyatif nan konsepsyon aktivite aprantisaj yo nan klas ak planifye aktivite ministeryèl ki pa nan klas dapre reyalite legliz lokal yo a avèk kontèks yo.

### **Ki jan yo anseye yon klas?**

Li rekòmande pou sèvi ak 90 minit nan chak klas fas-a-fas nan fason sa a:

- **5 minit:** Rapèl sou sijè leson ki te deja pase a epi priye ansanm.
- **30 minit:** Revize ak diskisyon sou devlopman leson an. Li rekòmande pou itilize yon rechèch ki enprime, tablo oswa tablo afich oswa lòt ki disponib, lè w sèvi avèk dinamik nan aprantisaj ak medya vizyèl tankou grafik, desen, objè, foto, kesyon, anchaje elèv yo prezante yon pati nan leson an, elatriye. Li pa rekòmande pou itilize diskou a oswa fè pwofesè a li kontni leson an ankò.
- **5 minit:** Rekreyasyon an deja gen plas li nan mitan klas la oswa lè w reyalize ke li nesèsè pou ou fè yon ti kanpe.
- **20 minit:** Travay sou aktivite yo ki nan liv la. Sa a ka fèt nan kòmansman an, nan mitan an oswa nan fen revizyon an, oubyen nou kapab kontinye ap konplete aktivite jan sa ap avanse nan sijè yo ak jan yo gen rapò ant youn avèk lòt.
- **20 minit:** Diskisyon sou pratik ministeryèl ke yo te fè epi yo pral genyen. Nan kòmansman kou a, w’ap gen pou w prezante pratik kou a bay elèv yo pou ke yo kapab fè aranjman pou yo ale. Nan klas kote yo te deja pale sou pratik ke yo te deja fè a, konvèsasyon an dwe fèt nan yon fason pou ke elèv yo pataje sa yo te aprann; ni sou siksè yo ak echèk yo, osi byen ke difikilte yo te rankontre.
- **10 minit:** Lapriyè pou pwoblèm ki rive nan pratik (defi, moun, pwoblèm, objektif, remèsiman pou rezilta yo, ak anpil lòt bagay ankò).

### **Ki jan yo fè evalyasyon final kou a?**

Bay elèv yo 15 minit tan nan dènye klas la nan kou a. Si sa nesèsè, yo kapab konsilte liv yo ak Bib yo. Evalyasyon final yo te elabore nan lide pou ranfòse aprantisaj kou a epi se pa yon repetyasyon memwa kontni liv la. Sa ki pwopoze avèk evalyasyon sa a se mezire konpreyansyon ak apresyasyon elèv yo anvè tèms ki trete yo, kwasans esprityèl yo, pwogrè yo nan angajman misyon legliz lokal la ak avansman li nan eksperyans ministeryèl yo.

# Aktivite pratik ministeryèl

Sa yo se aktivite ki sijere pou pratik ministeryèl ki pa fèt andeyò klas la.

Nan lis ki anba a, genyen 2 sijesyon ki enkli pou chak 6 espesyalite ministeryèl, se nan lòd pou ede pwofesè, pastè, direktè lekòl lokal lidèchip ak direktè lokal nan ministè a. Pami yo, li kapab chwazi sa ki plis adapte yo ak koutim reyalite a nan kontèks ministè a nan legliz lokal la oswa li kapab ranplase pa yon lòt selon bezwen ak posiblite. Aprè premye leson an, elèv yo ka gwoupe selon kado ki pi fò yo nan 6 espesyalite ministeryèl yo. Li rekòmande pou nou planifye 6 aktivite ministeryèl, youn pou chak gwoup elèv sa yo. Objektif aktivite sa yo pral enplike angaje yo nan yon nouvo eksperyans ministeryèl dapre vokasyon yo.

Si ou chwazi modalite kou a nan 8 sesyon ou ka pran randevou pou yonn oswa de pratik nan mitan semèn nan.

Si ou chwazi modèl atelye a, nou rekòmande pou w fè yon pratik ministeryèl nan fen kou a nan semèn sa a oswa si atelye a pran plas nan de wikenn pou planifye yon pratik nan mitan.

## Aktivite materyèl ki sijere pou Prensip Pou Lavi Kretyèn Nan

1. Pandan tout tan ke kou a dire a, chak etidyan ap fè fòmasyon disip pou yon nouvo kwayan avèk leson ki gen pou tit Nouvo Lavi nan Kris la (Nivo Gras ki Sove a nan Plan Yon Cheminman Lagras).
2. Yon komite etidyan pral elabore yon plan pou yo reyafime atik lafwa legliz Nazareyen yo pandan sèvis yo nan yon fason ki byen enteresan, pandan ke y'ap itilize resous ak talan ki disponib yo.
3. Trase yon envitasyon pou yon aktivite evanjelistik sou tèm, Kilès Jezi ye ? Li kapab yon jèn de priye, yon kafe nan yon aprè midi, yon soupe, oubyen yon lòt bagay. (Aktivite sa kapab melanje avèk pwen 4 ak 5).
4. Envite plizyè fanmi, zanmi ak vwazen nan aktivite evanjelistik la pandan ke w'ap itilize envitasyon (pwen 3). Pou fè li plis enteresan, kòmanse pandan ke w'ap poze yon kesyon ki se "Kilès Jezi ye". Pran nòt sou kesyon yo epi aprè sa, itilize yo kòm gid pou tèm ki gen pou debat nan aktivite a.
5. Reyalize yon aktivite evanjelistik avèk mizik avèk /oubyen festival liv ak mesaj evanjelistik sou tèm Kilès Jezi ye? (Aktivite sa kapab konplete avèk sa ki sijere nan pwen 3 ak 4 yo).
6. Oganize yon konkou desen pou ti moun sou tèm Ki objektif Legliz la?
7. Nan premye semèn kou a, yon ankèt pou moun ki nan kongregasyon yo pou idantifye moun ki pa gen eksperyans ranpli ak Sentespri yo. Aprè sa, pase yon mwa ap priye pou moun sa yo pou ke yo kapab sele ak pouvwa Bondye a.
8. Oganize yon tan retrèt esprityèl ki dire yon jou oubyen yon fen semèn pou priye ak aprann tèm sou: Kòman mwen kapab ranpli ak Sentespri a? Sa kapab yon aktivite avèk yon gwoup oubyen tout kongregasyon an. (Aktivite sa kapab konplete avèk pwen 7 la).



*Leson 1*

# **KISA ADORASYON AN YE ?**



## Objektif yo

- Idantifye ansèyman enkòrèk sou Bondye yo.
- Konnen ansèyman Bib la osijè de Bondye a.
- Apresye Bondye ki gen lanmou ki san tach la.

## Lide Prensipal yo

- Bondye egziste epi li revele nan twa moun diferan: Papa, Pitit ak Sentespri a.
- Teyoloji a ede nou etidye anpil kalite enteresan osijè de Bondye nou an.
- De kalite ki plis enteresan yo nan karaktè Bondye se sentete ak lanmou.

## Entwodiksyon

**Kòman Bondye ye pou moun k'ap viv nan kominote kote w rete a?**

Objektif lesan sa se konnen tout verite fondamantal ke Bib la anseye osijè de Bondye. Nou dwe kòmanse pandan ke n'ap eklèsi ke pa genyen okenn moun ki kapab anglobe avèk kapasite limite li a yon konpreyansyon konplèt Kreyatè linivè a. Se pandan, Bib la bay ansèyman pou ke nou kapab konnen Bondye nou an ak pouvwa li ak plis eklèsisman epi konsa nou kapab apwoche ak antre nan relasyon avèk Li. Avèk èd teyolojik la nou pral etidye kilès Bondye ye?

Kisa teyoloji a ye? Teyoloji a se yon etid òdone ki baze li sou verite osijè de Bondye ak relasyon li avèk lòm, selon jan ke sa parèt devan nou nan Bib la. Teyoloji a se syans ki ede nou reponn kesyon ki plis enpòtan yo nan lavi: ki kote mwen sòti? Ki objektif mwen nan lavi?, ki kote mwen prale lè m mouri?, ak anpil lòt ankò. Teyoloji a tèlman nesèsè pou lafwa kretyèn nan menm jan ak eskèlèt kò lòm. Kretyen an bezwen konnen ak konprann tout verite ke Pawòl la deklare nan yon fason kote ke yo kapab manifeste pi klè pou anseye ak viv yo ak defann yo.

## Èske li se Bondye kretyen yo oubyen youn anplis pami lòt dye yo?

*“Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri” (Jan 17:3 NIV).*

**Genyen anpil fo “dye” ke lèzòm kreye.**



Nan Ansyen Testaman, nenpòt bagay oubyen moun ki te objè adorasyon, ki pat Seyè a, te konsidere kòm yon “zidòl”, sa vle di ke yon bagay ki t'ap vòlò yon plas ki te koresponn a Bondye sèlman. Pwofèt Ansyen Testaman yo te denonse enbesilite moun sa yo ki te mete konfyans yo nan fo “dye” yo ki fèt ak men moun, ke lèzòm te kreye yo an fonksyon a nesèsite ke yo genyen ak kapris egoyis yo.

Selon pwofesè Orton Wiley, idolatri se “bay onè diven a zidòl, imaj, oubyen nenpòt objè, men li kapab manifeste sou fòm gwo admirasyon, respè oubyen lanmou pou yon moun oubyen yon bagay”.

Genyen kèk gwoup “kreyen” ki difize konsèp de yon “dye” ki nan sèvis lòm nan. “dye” sa a se youn ke yo kapab manipile pou satisfè dezi ke “sèvitè” li yo genyen. Genyen anpil lòt ki pote non “teyoloji pwosperite”, yo menm yo konsidere Bondye ki genyen kòm priyorite l ki se bay “pwosperite ekonomik” a moun ki sèvi li ak adore li yo.

Gen lòt moun ki konvèti nan Bondye pou yo kapab resevwa èd sèlman pou moman nesosite, yon bagay ki tankou eswi vit machin yo, ke moun sonje sèlman lè gen lapli.

Poukisa moun yo prefere yon “dye” ki nan mezi yo olye pou yo konnen vrè Bondye a? Sa a se paske èt imen yo trè konfòtab pou yo prezante pwòp tèt yo tankou “bondye” yo, pandan y ap viv lavi yo tankou si Bondye pat egziste.

Pwoblèm lan se ke lè ke yo rekonèt ke gen yon Bondye kreyatè ak pwopriyete tout bagay, yo ta dwe aksepte tou ke Bondye sa a se nan pwòp dwa yo, li se Chèf ak Seyè lavi yo epi rekonesans sa yo ta mennen yo chanje mòd de vi yo, yo pa kapab viv yon lavi gide pa kapris yo nan volonte yo.

Nan ti bout tan, moun ki refize egzistans Bondye oswa montre pa gen okenn enterè pou konnen vrè e sèl Bondye a, se paske yo pa vle asime responsablite yo devan èt Siprèm lan (Women 1: 28-29). Pou ke yon moun rive nan pwèn pou l rekonèt Bondye kòm Seyè nan lavi li, gen plizyè obstak ke li dwe travèse:

- **Premye obstak la se admèt** ke Bondye egziste, ki difisil paske yo pa vle pèdi libète pou viv selon volonte yo ak plezi.
- **Dezyèm obstak la se rekonèt** ke Bondye souverèn, kreyatè tout bagay (ki gen ladan èt imen). Li difisil paske li enplike aksepte ke Bondye gen kontwòl lavi a, epi li genyen pou l rann kont devan Bondye pou tout sa ke li fè avèk li.
- **Twazyèm obstak la se bay** Bondye sa sèlman Li menm merite pou li resevwa: adorasyon. Sa a enplike deplase sant adorasyon an nan nou menm pou bay Bondye li pito, men li difisil, pliske lòm nan toujou li vle pou yo rekonèt epi resevwa glwa.

Èt imen yo mal panse ke yo gen dwa pou jije, resevwa glwa, epi egzèsè otorite oswa pouvwa sou pwòp lavi yo ak pa lòt moun. Itilize plas Bondye a, apwopriye dwa yo kòm Seyè ak Bondye, se menm tantasyon ke Satan te mete devan Adan ak Èv, lè li te pwovoke yo ak dezi pou “vin tankou Bondye” (Jenèz 3:4-5).

“Se mwen menm sèl ki Granmèt la, Seyè a. Pa gen lòt ki ka delivre nou pase mwen menm”! (Ezayi 43:11).

#### **Bondye ak fo dye yo**

Nan literati kreyen ak nan Bib la, lè ke Bondye ekri ak gran lèt “D” majiskil, li fè referans ak sèl vrè Dye a, men lè li ekri avèk pi piti a ki se lèt “d” miniskil, li fè referans ak lòt fo dye yo ki pa vrè a, byenke genyen moun ki adore yo lè yo panse ke yo se vrè Dye a.

# “Pa gen lòt Bondye ke mwen”



## Pou etid sou Kilès Bondye ye a?

Ezayi 6: 1-7; 45: 20-23  
Egzòd 3: 14-15  
Detewonòm 33:27  
Sòm 16: 2; 102: 27  
Ezayi 45: 20-21  
1 Jan 4: 7-1  
1 Timote 1:17  
Revelasyon 4:8

## Bib la revele sèl ak vrè Bondye a.

Pwofèt Ezayi te fè konnen ke Jewova se sèl vrè Dye a, ki gen tout pouvwa, kreyatè syèl la ak latè a, Seyè a chèf ak Wa tout lòt wa yo. Ezayi 45: 21-22 di: “*Vin plede kòz nou! Mete tèt nou ansanm pou nou konnen sa nou pral di! Kilès moun ki te di davans sa ki gen pou rive a? Kilès ki te fè konnen sa depi lontan? Se pa t’ mwen menm, Seyè a? Nanpwen lòt bondye pase mwen menm. Mwen se Bondye ki pa nan patipri. Se mwen ki ka delivre moun. Tounen vin jwenn mwen pou nou ka delivre, nou tout ki rete sou latè! Paske se mwen ki Bondye. Pa gen lòt!*”. Pwofèt la te fè deklarasyon sa a lè ke tout pèp Izrayèl la te vwazen ak yon bann moun ki te politeyis, sa vle di, yo te konn adore anpil lòt dye. Malerezman, Pèp Izrayèl la te tonbe nan peche sa a tou.

Ezayi anseye ke Bondye totalman diferan de “bondye” sa yo ke moun yo kreye ak men pa yo menm. Pou pèp sa yo, lide yon kreyatè, Bondye Toupwisan an, inik ak soutyen tout bagay ki egziste te difisil anpil pou aksepte. Se pou rezon ki fè yo te gen yon gwo kantite de fo dye ke yo te kaptire imaj ki sanble èt imen oswa bèt. Fo dye sa yo te gen menm bagay la tou tankou feblès imen ak defo, men adoratè yo kwè yo te pi “gwo” ak “pwisan” pase yo. Yo sètènman te vle reprezante yon “zidòl” ak anvè pou l “vin tankou dye yo”, dezi ke Satan, sou fòm koulèv la te mete nan kè imen an depi nan jaden Edenn lan (Jenèz 3:4-5).

## Bondye trinite a

“*Nou kwè nan yon sèl Bondye etènèlman ki egziste epi li la pou toutan, Sovè nan linivè a; se sèlman Li menm ki se Bondye, Kreyatè ak administratè a, li sen nan nati, atri ak objektif li; epi Li menm antan ke Bondye, li divize an twa pati nan sans li ke yo te revele kòm Papa, Pitit ak Sentespri a.*”

(Jenèz 1; Levitik 19: 2; Detewonòm 6:4-5; Ezayi 5:16; 6:1-7; 40:18-31; Matye 3:16- 17; 28:19-20; Jan 14:6-27; 1 Korentyen 8:6; 2 Korentyen 13:14; Galat 4:4-6; Efezyen 2:13- 18)”. (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021. Atik lafwa I).

## Èske nou menm ki kretyen yo, nou politeyis pou sa pliske nou kwè nan yon Bondye ki divize an twa pèsòn?

## Bondye revele tèt li an twa pèsòn?



Ansèyman Jezi Kris yo nan Levanjil selon Jan chapit 14 ak 16 yo itil pou konprann mistè Trinite a. Mèt la anseye ke gen yon Papa, yon Pitit ak yon Sentespri, ki egziste e ki gen rapò nan pafè kominyon, nan inite ak nan renmen, e ke twa moun sa yo se youn epi menm Bondye a. Gason ak fanm pa ka ale jwen Papa a (Filipyen 4:20), san yo pa an premye gen rapò ak Pitit la (Matye 1:21; Tit 1: 3), epi yo pa kapab gen rapò ak Pitit la, san yo pa depann de Sentespri a (Efezyen 2:18).

Pa gen dout ke verite sa a ki revele nan Ekriti yo ale pi lwen pase tout sa ke rezon kapab konprann, men sa pa vle di li pa vre. Li se yon reyalite ki kapab aksepte sèlman pa lafwa.

Papa a, Pitit la ak Sentespri a kolabore nan misyon pou sove èt imen soti nan peche yo. Yo toujou ap travay pote delivrans pou tout fanmi sou latè men yo pa janm fè li nan fòm endepandan, men kòm yon ekip epi dirije ministè a nan Legliz la.

## Kilès Bondye ye?

*Nou menm kretyen yo, èske se yon Bondye nou genyen oubyen twa Bondye?*



Lè ou eseye dekri Bondye, ou dwe pale de nati li, sa vle di, atribi sa yo (karakteristik oswa kalite) se Li menm sèlman ki posede yo. Teyoloji òganize epi dekri karakteristik sa yo ki te rezime nan tablo ki anba la a:

Atribi Bondye	Deskripsyon	Pasaj Yo
Etènèl	Egzistans Bondye pat janm genyen yon kòmansman ak yon fen. Li se kòmansman ak final. Bondye te deja egziste depi avan istwa epi l'ap toujou egziste aprè li.	Jòb 36:26; Sòm 90:2, 102:25-27; Ezayi 40:4; 1 Timote 1:17; Revelasyon 1:8, 4:8.
Souveren ak kreyatè	Antan ke kreyatè ak sipòtè lavi, Bondye souveren, li genyen kontwòl ak dwa sou desten kreyasyon an.	Egzòd 3:14-15; Sòm 16:2; 115:3.
Omnisyan	Bondye genyen yon konesans ki pafè sou tout sa ki egziste, se poutèt sa, Li omnisyan. Bondye konnen tout bagay ki pase, tout bagay ki nan tan prezan ak tout evènman ki pral rive nan lavni yo. Li konnen sa ki pi fon nan kè moun ak lavi chak moun.	Detewonòm 2:7; Jòb 37:16; Pwovèb 2:5-7; Sòm 73:11; 81:14-15; 94:11; 104:24; 139:1-4; 147:5; Matye 11:21; Jak 1:15.
Omnipotan	Bondye gen tout pouvwa. Li pa genyen okenn limit devan pouvwa Bondye, Li kapab fè tout sa ke li vle, pa gen anyen ki enposib pou Bondye.	Jòb 37:23; Jeremi 32:17; Sòm 33:8-9.
Enchanjab	Bondye pa chanje, li pa varye. Bondye pa gen kapris, men pito li konstan nan lanmou ak objektif Sali a.	Malachi 3:6.
Omniprezan	Bondye tout kote an menm tan. Li ranpli tout bagay, pa genyen anyen ki egziste san prezans li. Pa genyen plas sou latè, nan lanmè a, syèl la oubyen lanfè kote yon moun kapab kouri lwen prezans Bondye. Sèlman pou Bondye ke atribi a ye, ni satan, ni zanj oubyen demon yo posede.	Jeremi 23:24; Sòm 139:7-12.
Espri	Bondye pa genyen yon kò fizik, li se espri epi Li envizib nan je nou.	Jan 4:24; Kolosyen 1:15; 1 Timote 1:17; Ebre 11:27.

Alfa ak Omega yo se premye ak dènye lèt nan alfabè grèk la se konsa ke lè Bondye di ke Li se Alfa ak Omega vle di li anvan tout lòt bagay epi li se aprè nan tout lòt bagay, sa vle di, Li se kòmansman tout bagay epi l'ap toujou fen nan tout bagay.

*Non Jewova a soti nan mo ebre hwh oubyen hyh (èt), epi li tradwi kòm "li menm ki se". Li fè referans ak letènite ak otonomi Bondye sou tout kreyasyon an. Li vle di tou "moun ki bay lavi a".*

*Mo adonai la soti nan lang Ebre ki vle di seyè, mè, chèf. Bib la afime ke Bondye se mè tout bagay e kidonk se pou sa ke li gen tout dwa pou l fè reklamasyon obeyisans enkonidisyonèl nan men tout èt imen.*



# Kijan karaktè Bondye ye?

*Bondye se kreyatè ak sipòtè tout bagay nan liniyè a epi l'ap chèche genyen yon kominyon avèk kreyati k'ap viv nan li yo. Bondye pa t abandone kreyasyon li (ansèyman dehis yo); ni kite li san pran swen, pou ke tout bagay te vini tankou fwi evolisyon natirèl (tankou evolisyonis yo afime li), ni tou, li pa te distribiye kèk pati enèji pou fòme yon pati nan kreyasyon li a (tankou panteyis oswa Nouvo Laj la).*

## **De gwo kalite ki dekri karaktè Bondye se sentete ak lanmou.**



Bondye se yon moun ki gen yon karaktè ki plen ak kalite eksepsyonèl epi li vle pataje kalite manyifik sa yo ak pitit gason ak pitit fi li yo.

Ansyen Testaman an di ke Bondye sen, (an ebre, qadash). Sentete sa a se pa you nan plis nan kalite li yo, men pito, li konstitye karaktè esansyèl li (Levitik 19:2; Egzòd 15:1, Sòm 22:3; Jan 17:11). Sa vle di ke nou kapab rele Bondye “sen” nan menm fason ke nou rele li Bondye a, paske “sen se non li” (Ezayi 57:15; Lik 1:49; Revelasyon 4:8).

Bondye se sèl moun ki rete sen (Ezayi 6:1-7). Nan Ansyen Testaman tou yo te konn bay kalite sen an ak kèk kote, objè ak moun ki dedye pou sèvis Bondye a. Pa egzanp, Samdi se yon jou ki sen, paske Seyè a te mete li apa (Jenèz 2: 3; Egzòd 20:8) Mòn Siyon an te sen, paske Bondye te parèt devan Abraram (Sòm 2:6). Prèt yo te sen paske Bondye te mete yo apa pou sèvis sa a (Egzòd 28:41).

Lè ke Bib la afime ke Bondye sen, sa vle di ke Bondye pafè etikman ak moralman, e ke kalite li yo nan jistis, verite, fidelite ak entegrite yo absoliman oswa pafè nan li. Bondye vle pou pitit li yo vin sen oubyen pafè menm jan avèk Li (1 Pyè 1:16; Matye 5:48).

Se Sentespri a ki pwodui sentete sa a nan disip Kris la pwogresif ki kòmanse nan moman konvèsyon an e apwofondi avèk li ranpli nan Lespri Bondye a nan viv apa pou Bondye (Filipyen 3:12; Kolosyen 1:28).

Pandan ke Ansyen Testaman an mete aksan sou sentete Bondye a, Nouvo Testaman souliye ke Bondye se lanmou. Nan 1 Jan 4: 8 li deklare ke Bondye se lanmou, sans moun ke li ye a menm se lanmou. Lanmou Bondye a se fòs ki deplase mond sa a ak pouvwa ki prezan epi ki motive tout bagay ke Li fè.

Malgre ke li sanble kontradiktwa, menm jijman l'yo ak kòlè se rezilta lanmou li epi yo dirije yo nan direksyon tout bagay ki domaje kreyati li yo. Se poutèt sa, Pawòl la anseye ke Bondye rayi peche, men, Li renmen pechè a. Bondye ap toujou aji dapre sa ki dwat ak jis, li pral bay rekonpanse ak moun ki fè byen epi li pral pini moun ki fè sa ki mal yo.

Bondye voye Pitit li a nan mond lan pou montre lanmou li ak pou anseye Pitit gason l'yo ak pitit fi renmen jan li renmen. Ki sa ki karakteristik yo nan lanmou Bondye? Se nan 1 Korentyen 13:4-7 nou jwenn repons kesyon sa a.

## **Lanmou ki soti nan Bondye ...**

1. Se soufri
2. Se bon manyè
3. Pa gen okenn jalouzi
4. Pa fè lwanj pou tèt li
5. Li pa ranpli ak ògèy
6. Pa fè anyen ki mal
7. Li pa egoyis
8. Pa renmen fache
9. Li pa gen yon move santiman
10. Pa pran plezi li nan enjistis
11. Li soufri tout kalite bagay
12. Kwè tout bagay
13. Tout ap tann
14. Li espere tout bagay

Yo rele kreyen yo aple pou yo kite lanmou sakre Bondye a grandi plis e plis nan yo menm. Objektif lavi kreyèn nan se matirite nan lanmou pou Bondye ak frè parèy nou, grandi nan bon jan kalite renmen sa se grandi nan sentete nan lavi. Objektif la se pou reyalize lanmou abondan ki te nan Jezi ki se Kris la ki te montre nou chemen lavi ki fè Papa a plezi a (Efezyen 4:15).

*“Koute byen, nou menm pep Izrayèl! Seyè a, Bondye nou an, se li ki sèl mèl” sa se yon deklarasyon ki klè osijè de monoteyis, ki vle di ke se yon sèl Bondye ki genyen, ke Bondye se yon sèl la. Li se yon inite, pa genyen lòt ankò (Detewonòm 6: 4 VLS).*



## KISA NOU TE APRANN?

Teyoloji ede nou konnen sa Bib la anseye sou vrè e sèlman kreyatè Bondye a, sipòtè lavi ak souverèn nan linivè a epi nan fason sa a kapab diferansye li fas ak lòt “bondye” ki te kreye pa èt imen yo. Bondye san, men li te parèt an twa pèsòn: Papa, Pitit ak Sentespri a.

Bondye se yon Bondye ki gen lanmou ki sen pou l sove moun soti nan pouvwa destriktif peche pou mennen yo nan lajwa ansanm ak li.

## ENSTRIKSYON:

1. Mwen pral fè yon lis kèk zidòl ke moun yo jodi a.

---

---

---

---

2. Nan gwoup twa moun, se pou yo chwazi youn nan atribi Bondye yo epi chwazi yon imaj oswa yon ilustrasyon ki byen koni nan kontèks yo a, ki kapab itil pou anseye sans li yo bay moun yo nan yon fason ki senp epi vizyèl selon siyifikasyon yo pou moun ki pa kretyen an.

---

---

---

---

3. Nan pwòp mo pa ou yo, ekri nan senk liy yon refleksyon pèsonèl sou “Bondye nou an se yon Bondye ki gen yon lanmou ki sen”.

---

---

---

---

---

4. Nan gwoup twa a kat manm, diskite epi aprè sa a, pwopoze yon solisyon pou ka sa a:

“Antonio ki gen 18 ane sou tèt li se yon nouvo kretyen epi l’ap etidye nan inivèsite a. Plizyè nan pwofesè l’yo di l’ke Bondye pa egziste, ke li se yon bagay ke moun envante. Pwofesè chimi an, pa egzanp, li ensiste ke yon bagay tankou yon Bondye pa kapab egziste tout bon vre, li diskite ke moun pa kapab wè li, ke egzistans li pa kapab verifye, epi tou si li te egziste pa ta gen okenn grangou, povrete, enjistis, rayisab, lagè, elatriye nan mond sa a. Antonio konfonn, e li te kòmanse gen dout sou egzistans Bondye.”

Ki sa ou ta di Antonio pou ede l’afime kwayans li nan egzistans Bondye?

---

---


---

---

---

# Leson 2

## KISA BIB LA YE?



1 Make Your ways known to the LORD;  
2 catch me in Your truth and teach me,  
3 for You are the God of my salvation;  
4 I wait for You all day long.  
5 Remember, LORD, Your compassion  
6 and Your faithful love,  
7 and for they (have existed) from antiquity;  
8 Do not remember the sins of my youth  
9 or my acts of rebellion;  
10 in keeping with Your faithful love,  
11 remember me because of Your goodness, LORD.  
12 The LORD is good and upright;  
13 therefore He shows sinners the way.  
14 He leads the humble in what is right  
15 and teaches them His way.  
16 All the LORD's ways (show) faithful love and truth  
17 to those who keep His covenant  
18 and decrees.  
19 Because of Your name, LORD,  
20 forgive my sin, for it is great.

Who is the person who fears the LORD?  
He will show him the way he should choose,  
will live a good life,  
his descendants will inherit the land.  
secret counsel of the LORD those who fear Him,

**Psalm 26**  
**Prayer for Vindication**  
Davidic  
1 Vindicate me, LORD,  
2 because I have lived with integrity  
3 and have trusted in the LORD  
4 without wavering.  
5 Test me, LORD, and try me;  
6 examine my heart and mind  
7 before my eyes,  
8 and I live by Your truth.  
9 I do not sit with the worthless  
10 or associate with hypocrites,  
11 and I do not sit with the wicked,  
12 and go around Your altar, LORD,  
13 raising my voice in thanksgiving  
14 and telling about Your wonderful works.  
15 LORD, I love the house where You dwell,  
16 the place where Your glory resides.  
17 Do not destroy me along with sinners  
18 or my life along with sinners  
19 of bloodshed  
20 in whose hands are evil schemes  
21 and whose right hands are filled with bribes.

1 I have asked one thing from the LORD;  
2 it is what I desire:  
3 to dwell in the house of the LORD  
4 all the days of my life,  
5 gazing on the beauty of the LORD  
6 and seeking (Him) in His temple.  
7 For He will conceal me in His shelter  
8 in the day of adversity;  
9 He will hide me under the cover of His tent;  
10 He will set me high on a rock,  
11 then my head will be high above my enemies around me;  
12 I will offer sacrifices in His tent  
13 with shouts of joy.  
14 I will sing and make music to the LORD.  
15 LORD, hear my voice when I call;  
16 be gracious to me and answer me.  
17 In Your behalf my heart says,  
18 "Seek My face."  
19 LORD, I will seek Your face,  
20 Do not hide Your face from me;  
21 do not turn Your servant away in anger.  
22 You have been my help;  
23 do not leave me or abandon me,  
24 God of my salvation.

1 Do not drag me away with the wicked  
2 with the evildoers who sneak in friendly ways  
3 with their neighbors while malice is in their hearts  
4 Reveal them according to what they have done  
5 according to the evil of their deeds  
6 Reveal them according to the work of their hands  
7 Because they do not consider what the LORD has done  
8 or the work of His hands,  
9 He will tear them down and not rebuild them.  
10 May the LORD be praised,  
11 for He has heard the sound of my pleading.  
12 The LORD is my strength and my shield;

1:1 This poem form an acrostic. 1:25:1 Or To You, LORD, I lift up my soul. 1:25:6 Or everlastingly. 1:25:17 Or Relieve the distresses of my heart. 1:26:6 A ritual or ceremonial washing to expiate.

## Objektif yo

- Konnen orijin Lekriti Sakre yo.
- Eksplike enspirasyon Bib la.
- Apresye Bib la pou lavi kwayan an.

## Lide Prensipal yo

- Bib la se liv ke Bondye itilize pou l pale ak pitit fi ak pitit gason li yo.
- Sentespri a te gide otè bibliki yo pou yo transmèt mesaj Bondye a bay pèp li a.
- Etid Pawòl la chak jou se sa ki nouri lavi kretyen an.

## Entwodiksyon

Bib la se yon koleksyon 66 liv ekri pa plis pase 40 otè pami yo, se wa, pwofèt, mouton, atizan, pechè, sòlda, powèt, doktè, minis gouvènman an ak anpil lòt moun, ki te enspire ak gide pa Lespri Bondye a.

Ant kèk nan otè sa yo gen plis pase 1500 ane distans. Sepandan, korespondans ak inite ant yo, kote ke pi fò nan yo pat rive rekonèt youn lòt pèsonèlman, se yon bagay ki ekstraòdinè.

Pa gen okenn lòt liv tankou Bib la, ki te enspire pa Bondye, se li menm sèl ki ka satisfè konplètman tout bezwen lèzòm.

## Ki jan Bib la te ekri?

### *Nan seksyon sa a, nou pral konnen istwa orijin Bib la.*



Depi nan premye tan yo, Bondye te bay pèp li a lòd pou yo transmèt Pawòl la pa tout mwayen ki posib pou ke pitit ak pitit pitit yo te kapab konnen epi viv nan volonte Bondye (Detewonòm 6:6-9).

Liv ki nan Bib la te ekri dapre lòd Bondye. Moyiz konpile istwa zansèt yo ki kounye a nan liv Jenèz la epi yo te transmèt yo oralman oswa sou wòch plat. Akeyoloji a konfime ke ekri a te itilize plis pase 1,000 ane anvan Abraram (Ebre 9:19; Detewonòm 27:2-8).

Nan kòmansman, Liv bibliki yo te ekri nan plizyè lang:

- **Nan lang ebre a**, prèske tout 39 liv Ansyen Testaman an. Izrayelit yo te aprann lang sa a nan men pèp semit yo ki te rete nan Kanaran depi sou tan Abraram.
- **Nan lang Arameyen**, kèk pòsyon nan Danyèl ak Esdras. Pèp jwif la te aprann lang sa nan moman ke yo te nan esklavaj nan peyi Babilòn nan. Arameyen an te vin konvèti an lang ke popilasyon an te vina ap plis itilize epi se li menm ke Jezi te pale. Matye te ekri levanjil li a nan lang Arameyen, menm si ke aprè sa li te vin tradwi nan lang grèk.

### Lekriti Sakre yo

“Nou kwè nan yon enspirasyon total Bib la, se atravè li menm ke nou konnen ke genyen 66 liv ant Ansyen ak Nouvo Testaman ki soti nan enspirasyon divin, li menm ki revele volonte Bondye pou nou nan tout sa ki nesès pou Sali nou, nan fason sa ke pa dwe gen enpozisyon okenn lòt atik lafwa baze sou ansèyman ki pa ladan li”.  
(Lik 24:44-47; Jan 10:35; 1 Korentyen 15:3-4; 2 Timote 3:15-17; 1 Pyè 1:10-12; 2 Pyè 1:20-21).  
(Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021, Atik Lafwa N0.4).

- **Nan lang grèk**, pi fò nan liv ki twouve yo nan Nouvo Testaman yo. Nan tan pa Jezi a, tout lekriti Ansyen Testaman yo te tradwi an grèk pliske sa se te langaj ki te itilize an komen nan peyi ki te fè pati Anpi Women yo.

Gras a Dye, Bib la te tradwi ak pibliye nan san lang epi nou genyen aksè ak li nan pwòp lang pa nou an tou.

## Pawòl Bondye a te enspire pa mwayen Sentespri a

**Nou kwè ke tout Bib la se Pawòl Bondye.**



Nan 2 Pyè 1:19-21, apot la deklare: “Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon, tankou yon lanp k’ap klere nan fènwa a jouk jou a va pwente, jouk zetwal ki klere chak maten an va leve nan kè nou. Men, anvan tout bagay, se pou nou konn sa byen: pesonn pa gen dwa pran mesaj pwofèt ki ekri nan Liv la pou li ba li sans li vle. Paske, pwofèt yo pa t’janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te pouse yo lè yo t’ap bay mesaj ki soti nan Bondye”.

Lè ke n’ap analize pawòl sa yo ke apot Pyè te deklare, li posib pou nou afime ke san dout ke nou genyen Pawòl ki pi an sekirite a. Otantisite Pawòl la nan Ansyen Testaman antan ke Pawòl Bondye a, nou kapab fasilman verifye ke tout pwofesi sou Mesi a yo te akonpli nan lavi Jezi ki se Kris la.

Pyè di tou ke Pawòl Bondye a pa te egziste selon volonte moun, men orijin li se nan Bondye li ye. Li itilize vèb grèk fero, ki vle di pote oswa pouse. Itilizasyon vèb sa a endike otè yo “te pote ‘, oswa pouse’, pa Sentespri a, pa aji an akò avèk pwòp volonte yo, ni eksprime pwòp panse yo, men pito swiv lide Bondye a nan mo li bay ak ministè pa l’ (Vine:1999, p. 459).

Nan 2 Timote 3:16 tou Pòl di: “Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y’ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k’ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye, ... “Mo enspirasyon an se tradiksyon adjektif grèk theopneustos ki literalman vle di “souf Bondye”. Moun yo nan tan Nouvo Testaman an te asosye lide aksyon Sentespri a se fason ke van an ap deplase, pliske nan tou de ka yo ou pa kapab wè yo, men ou kapab santi prezans yo epi wè efè yo.

“Enspire” vle di, lè sa a, ke Sentespri a te prezante nan yon fason espesyal ak mirak avèk otè bibliik yo pou revele yo verite yo pa t’konnen anvan, gide panse yo ak dirije yo pou yo chwazi mo ki apwopriye yo pou eksprime mesaj ke yo te resevwa nan men Bondye a.

Legliz Nazareyen kwè ke tout Bib la se Pawòl Bondye; otè yo te “enspire” pa Bondye, sa vle di, ke yo te gide pa Bondye li menm, nan lòd pou bay èt imen yo konesans ki nesèsè osijè de Kreyatè a pou yo kapab viv nan obeyisans ak nan kominyon avèk Li. Li kwè tou ke Bondye li menm te ban nou gid sèten sa pou nou kapab viv chak jou nan sentete a pandan ke n’ap swiv egzanp Jezi a.

Vèb la nan lang ebre, ki tradwi **ekri a**, vle di “plonje oubyen koule” epi li fè referans ak metòd yon gwo moso ki gen fòm, ki pita, pliske istwa a vin ap fè evolisyon li nan kesyon lèt, nou te vin genyen alfabè a. Syans lan te idantifye 600 siy diferan pa yon gwo moso ki gen fòm.

Nan epòk pou soti depi nan Abraram pou rive nan Moyiz, ekriti te fèt pa pwen ki te toujou kite “mak” oswa “kwen”, sou ajil “tablo” ki aprè sa a, seche epi te vin byen di toujou pou yo te fè konsèvasyon an. Kalite ekriti sa rekonèt sou non yon gwo moso ki gen fòm.

# Èske Pawòl la toujou valab moman ke n'ap viv la?

Nan Mezopotami (kote Abraram te rete a menm) te gen lekòl pou anseye lekti ak ekriti. Nan Sumeria ak Acad, yo jwenn 60,000 "Wòch plat ajil" ki genyen dat ke Abraram te la yo (2100 av.K.).

**Nou kwè ke otorite Bib la se menm bagay la pou tout lòt epòk yo.**



Pliske otè bibliik yo kominike mesaj ke yo te resevwa nan men Bondye pou bay moun ki t'ap viv nan pa yo a, gen kèk ladan yo ki pa kwè ke mesaj bibliik la pa gen rapò ak tan aktyèl la. Men, byenke tan an chanje, volontè Bondye pou èt imen pa chanje, paske Bondye se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan. Èt imen ka chanje, men mwayen delivrans Bondye revele nan Bib la pou èt imen an pap janm pèdi validite li.

Malgre ke Pawòl Bondye a se youn, se pa tout kretyen ki aksepte otorite li kòm sèl nòm pou lavi yo. Gen legliz ki bay menm otorite a nan zafè lafwa ak kondwit kretyen ak lòt sous:

- ✓ Eksperyans endividyèl ak pèsonel.
- ✓ Eksperyans kolektiv oswa kolekte pa jenerasyon nan moun ki kwè yo.
- ✓ Plizyè lòt sous otorite, tankou opinyon lidè legliz oswa fondatè yon legliz an patikilye.

Pa egzanp, Legliz Katolik Womèn nan konsidere ke pawòl Bondye a nan LePap ki se otorite legal kòm Bib la. Se poutèt sa yo aksepte doktrin ak pratik ki pa kapab baze sou tèks bibliik la, tankou: chante mès pou moun ki mouri, asansyon Mari, ak anpil lòt bagay ankò. Menm bagay la tou fèt ak gwoup tankou Mòmou oswa Temwen Jewova, yo menm ki mete lide yo oswa ansèyman fondatè li yo nan menm oswa pi gran ran pase otorite Lekriti yo.

Legliz Nazareyen an aksepte 66 liv yo nan Bib la kòm enspire pa Bondye, lòt legliz Pwotestan yo aksepte menm bagay la tou. Nan Legliz Katolik Womèn nan enkòpore lòt liv ke yo rekonèt kòm "apokrif", sa vle di pa enspire.

## Pou etid enspirasyon Bib la:

2 Pyè 1:21

Ebre 3:7; 10: 15-16

1 Korentyen 2:13

2 Timote 3:16

"Nan etidye Bib la ak detay mikwoskopik, orijin diven li parèt pi klè toujou pandan ke n'ap obsève pèfeksyon li nan fòm tankou nan kontni" (Torrey, R.A.).

### Jezi ak Lekriti yo

Li te obeyi li	Li te vin akonpli li: Matye 5:17-20
Li te gide pa mwayen plan li	Pwofesi yo te akonpli sou lavi li: Matye 16:21-23
Li te soumèt li anba plan delivrans Papa a	Li te akonpli misyon li kòm Sovè a: Jan 8:39-42
Li te akonpli lalwa seremonyèl la	Li te pratike tout bagay ke yo te atann de yon bon jwif. Mak 14:16-18
Li te akonpli ak lalwa moral la	Li te yon egzanp ki pafè: Jan 11:1-44

# Konbyen kretyen an bezwen konnen Bib la?

**Bib la nourri lavi kretyen yo.**



Kretyen an bezwen etidye Pawòl Bondye a an pwofondè. Lè kretyen an neglije li Bib la, devlopman yo ralanti espiyèlman. Etid biblika la ta dwe fè pati lavi kretyèn nan chak jou olye pou yo fè lekti ak etidye li nan sèvis legliz yo.

Apot Pòl egzòte Timote pou l vin yon elèv ki devwe nan Pawòl Bondye a (2 Timote 3:14-1) epi egzòtasyon sa se pou chak kretyen tou. Chak fwa li chèche Bondye ak ouvri paj Bib li, kwayan an konekte li ak Bondye. Lekti Bib la se manje espiyèl ke li ye: “Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.” (Matye 4:4).

Pawòl Bondye a gen anpil pouvwa pou anseye ak korije. Bib la ede nou viv pi pre Bondye ak pi lwen peche; li fè nou wè lè nou sou move chemen; li konvenk nou nan peche epi li montre ke Jezi ki se Kris la se sèl chemen pou nou sove. Bib la ekstraòdinè anpil, li pote anpil konnesans sou Bondye epi li transfòme lavi. Li tankou yon nepe ki genyen tou de bò li yo file ki penetre kè ki menm plis pwofon an (2 Timote 3:16). Pawòl Bondye a korije epi prepare moun pou tout bon aksyon.

Pyè konpare Pawòl la ak yon lanp k'ap klere pou gide nou nan fènwa pwès la (2 Pyè 1:19-21). Yo rakonte istwa yon sèten kapitèn ki nan yon sware chaje san limyè, li t'ap gide bato li a sou yon lanmè segondè. Menm lè a, vijilan an te avèti l ke devan yo a li te wè yon limyè. Kapitèn nan sipoze ke se te limyè yon lòt bato, kidonk li te bay lòd pou vijilan an te voye yon mesaj pou bato sa a pou li fè bak paske li te sou liy transpò li a.

Atravè plizyè siy yo te reponn ke yo pa t'ap deplase, e ke se yo menm ki te dwe chanje direksyon bato pa yo a. Kapitèn nan te ensiste ke yo ta dwe retire kò yo nan wout li a, paske bato li a te pote badj wayal yo. Repons ke li te resevwa se te bagay sa yo: “Kèlkeswa kantite badj kapitèn ou an genyen, se nou menm k'ap gen pou nou deplase, paske limyè nou wè a se pou yon fa ke li ye”.

Menm jan ak fa sa a, Pawòl Bondye a rete fèm epi pèsonn pa gen oken dwa pou modifiye li nan kapris li. Li pa chanje. Li pa negosye ak peche, ni li pa jistifiye kondwit peche. Se lòm ki dwe transfòme pou li kapab viv dapre kòmandman Seyè a.

Pou kretyen an Bib la se liv ki pi enpòtan nan mond lan pliske Li kominike plan Bondye pou lavi li ak pou ministè legliz la.

Vèb grèk *fero* vle di *potè, pote*. Adjektif grèk *theopneustos*, se konjonksyon mo: *theos*, Bondye ak *pneo*, pou respire. Yo tradwi yo nan *Bib nou* yo ak mo tankou *enspire, gide, oswa kondwi*.

Ouvri Bib la se tankou ouvri pwogram imèl elektwonik ki nan òdinatè nou yo kote ke Bondye kominike nou volonte li.

Bib la se lèt lanmou Bondye pou nou nan objektif pou montre nou kijan li vle genyen yon relasyon entim avèk nou atravè Jezi ki se Kris la.



# Kijan pou kapab tande vwa Bondye atravè Bib la?

Jezi te di konsa: “Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou” (Matye 4:4).

## Nan seksyon sa a genyen yon metòd etid bibliik ki byen senp.




Anpil kretyen pa konnen ki jan pou yo etidye Bib la, se pou sa ke nou ajoute etap senp sa yo nan leson sa a:


1. Kòmanse atravè lapriyè pou ke Sentespri a pale nan pòsyon Pawòl ke ou dwe li a.
2. Li pasaj la. Pou nouvo kwayan yo, li rekòmande pou ke yo kòmanse avèk youn nan kat levanjil yo (Matye, Mak, Lik oswa Jan) epi li kèk vèsè chak jou.
3. Pandan w ap li, reponn kesyon sa yo:
  - **Ki sa li di?** Pou pi byen konprann pasaj la, li rekòmande pou omwen genyen de vèsyon bibliik an men. Pa egzanp: Bib Vèsyon Jerizalèm; Bib Vèsyon Louis Segond.
  - **Kisa sa vle di?** Eseye reflechi sou sa mesaj sa a vle di pou moun ki te tande li pou premye fwa. Pou reponn kesyon sa a byen, si sa posib, ou dwe genyen yon kòmantè bibliik ak diksyonè tou prè.

1. Nonmen kèk kalite nan lavi ou ki reflete imaj Bondye a.

---

---

---

2. Esplike nan pwòp mo ou yo: kisa yon moun dwe fè pou l libere anba peche.

---

---

---

---

---

3. Li Kolosyen 2:13-14 ak 3:3. Answit, ranpli fraz sa yo:

a) Moun k ap viv nan peche pa fè pati de \_\_\_\_\_ Bondye a.

b) Lè nou resevwa padon pou peche nou yo, nou resevwa \_\_\_\_\_ ansanm ak Kris la.

c) Moun ki rete nan Kris la te mouri pou \_\_\_\_\_ la.

4. Ki sa Bondye fè ak peche nou yo dapre Sòm 103: 12; Ezayi 43:25 ak Ebre 10: 16-17?

---

---

---

---

5. Pataje an gwoup de 3 oswa 4 manm yon temwayaj kout sou ki jan lavi ou chanje aprè ke peche ou yo te fin padone.

A black and white photograph of a hand holding a potted plant. The plant has large, dark, heart-shaped leaves and is growing out of a dark, woven basket. The basket is placed on a light-colored, textured surface, possibly a piece of paper or fabric. The background is a light, textured surface. In the lower half of the image, a white dove is shown in flight, its wings spread wide. The overall composition is simple and focuses on the interaction between the human hand, the plant, and the bird.

*Leson 6*

# **KÒMAN MWEN KAPAB VIN SANNTIFYE?**

## Objektif yo

- Rekonèt ke lavi sen an se dezi Bondye pou tout pitit li yo.
- Apresye eksperyans sanntifikasyon total la.
- Swete yon pwogrè kontinyèl nan lavi ki apa pou Bondye a.

## Lide Prensipal yo

- Sanntifikasyon an genyen plas li nan lavi kretyen an atravè ranplisaj Sentespri a.
- Sanntifikasyon an bay kretyen an kapasite pou ke vrè lanmou an manifeste nan lavi li an favè Bondye ak lèzòt yo.
- Pou ranpli ak Sentespri a, fòk ou vle viv pou Bondye ak tout kè ou, fè mouri egoyis la epi renonse tout sa ki anpeche ou sèvi Bondye.

## Entwodiksyon

Èske kretyen an kapab sen? Nan pati sa a nan leson an nou pral etidye kisa nazreyen yo afime sou kesyon sanntifikasyon an. Nan atik lafwa nimewo 10, Legliz Nazareyen an li deklare:

John Wesley te rezime sanntifikasyon an kòm "manifestasyon lanmou an."

*"Nou kwè ke sanntifikasyon total la se aksyon sa a ke Bondye fè, ki vin aprè rejenerasyon an, atravè li menm kwayan yo vin lib anba peche orijinèl la, oswa degradasyon, epi yo vin rive nan yon eta de konplèt devosyon pou Bondye ak obeyisans yon lanmou ki san tach epi pafè.*

*Se egzekite pa mwayen batèm avèk Sentespri a epi rantrè nan yon sèl eksperyans netwayaj kè pou soti nan peche, ak prezans pèmanant Sentespri a ki bay kwayan an pouvwa ki nesèsè pou lavi ak sèvis la.*

*Eksperyans sa a tou koni sou dives kalite non ki reprezante diferan faz li yo, tankou pèfeksyon kretyèn, lanmou pafè, sentete nan kè, batèm avèk Sentespri a, abondans benediksyon ak sentete kretyèn nan.*

*Nou kwè ke genyen yon diferans ki klè ant yon kè pwòp ak yon karaktè ki gen matirite. Premye pwodwi nan yon fason ki enstantane antan ke rezilta sanntifikasyon total; dezyèm nan se rezilta kwasans nan gras la.*

*Nou kwè ke gras sanntifikasyon total la gen ladan l pouse pou kwè nan gras la. Sepandan, pouse sa a dwe kiltive avèk pwòp konsyans moun nan epi atansyon yo ta dwe bay kondisyon devlopman ak pwosesis amelyorasyon espirityèl ak karaktè ak pèsonalite nan sanble avèk Kris la. San efò sa a avèk objektif sa, temwayaj moun nan kapab febli, epi gras la kapab anpeche epi finalman pèdi..." (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021).*

# Ki sa sanntifikasyon an ye?

**Sanntifikasyon total la se ranpli ak lanmou Bondye a.**



Antan ke Wesleyen, nou konprann ke pwosesis sanntifikasyon an kòmanse nan eksperyans konvèsyon an oswa nouvèl nesans lan, kote ke Bondye batize nou ak Sentespri li. Aprè premye eksperyans delivrans sa a, Bib la anseye sou yon dezyèm zèv lagras ki nesese nan lavi kretyèn nan. Sa a se pa si ou vle, men sa nesese pou ou rete fèm epi kontinye grandi nan lavi nouvo ou la dapre modèl Kris la.

Nazareyen yo kwè ke gen yon tan k'ap rive kote ke nouvo kreyati nan Kris la ap konprann ke li bezwen libere de kondisyon peche k'ap goumen andedan li kont volonte li yo dèske li obeyisan anvè Seyè li a nan tout bagay. Lòt nan pa koupab de kondisyon sa a, men li te transmèt pa mwayen eritaj nan Adan an, osi byen ke nan tout èt imen yo.

Kondisyon peche sa a ankouraje w chèche satisfè pwòp dezi egoyis ou yo, olye pou yo chèche volonte Bondye an premye. Kretyen k'ap viv nan lit sa a santi l koupab pou move tandans sa yo ke yo pa kapab soti ladan yo avèk pwòp fòs yo oubyen volonte (Sòm 51:7; Travay 15:8,9; Efezyen 5:25-27; 1 Jan 1:7). Pòl dekri kondisyon sa a tankou “mantalite pechrès” (Women 8:6), “lalwa peche ak lanmò” (Women 8:2), “vye nati a” ak “kò peche a” (Women 6:6), oswa “rasin anmè” (Ebre 12:15).

John Wesley te rezime sanntifikasyon kòm “manifestasyon lanmou an”. Se sèlman lè nou konplètman ranpli ak Sentespri a nou kapab renmen Bondye ak lòt moun ak tout kè nou. Jezi te rezime volonte Bondye pou lavi nou tankou yon lavi nan lanmou pafè: “Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, avèk tout lide ou, avèk tout fòs ou. Men dezyèm kòmandman an: Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. Pa gen lòt kòmandman ki pi konsekan pase sa yo” (Mak 12:30-31).

Bib la anseye ke sanntifikasyon an se:

- 1. Yon kòmandman ki soti nan Bondye** (Matye 5:48; 22:37, 39).
- 2. Objektif Bondye pou pitit li yo.** Pou lanmou li ak mizèrikòd li, Bondye vle pataje nati divin li avèk nou (Jan 17:20-23, Efezyen 3:14, 19; 1 Tesalonisyen 5:23).
- 3. Pouvwa Bondye.** Atravè Sentespri a, Bondye vle pataje avèk nou pouvwa ak otorite li (Travay 1:8).
- 4. Yon pwomès Bondye.** Li te pwomèt pou l ban nou sentete li si nou vle mache dapre volonte li (Detewonòm 30:6; Sòm 130:8; Ezekyèl 36:25,29; Women 8:3-4; 2 Korentyen 7:1; Efezyen 5:25-27 and 1 Jean 3:8).

**Peche orijinèl la:** Se premye peche ke nonm nan te komèt kont lalwa Bondye a. Peche Adan an ak Èv la te pase pou tout moun soti nan yon jenerasyon pou rive nan yon lòt jenerasyon epi se konsa ke tout limanite vin eritye nati pechrès la nan Adan.

# Èske eksperyans sa a se pou tout moun?

*Sentete a se volonte Bondye pou tout pitit fi ak pitit gason li yo.*



Nouvo Testaman an di nou ke volonte Bondye a se sanntifikasyon nou. Sa vle di ke nou dwe sen devan li ak pwochen nou. Se poutèt sa Jezi ki se Kris la te priye Papa li ke disip li yo ak moun ki te gen pou kwè nan li nan jenerasyon kap vini yo te kapab sanktifye nan verite a (Jan 17:19-20).

*“Mezanmi, se pou nou wi Bondye te fè tout pwomès sa yo. Ann kenbe kò nou ak nanm nou nan kondisyon pou n’ sèvi Bondye! Ann voye tout bagay ki ka wete nou nan kondisyon sa a jete! Ann chache viv apa pou Bondye! Ann viv nan krentif li!” 2 Korentyen 7:1 (Bib Kreyòl, Vèsyon Louis Segond).*

Nan 1 Tesalonisyen 5:23 Pòl deklare: *“Mwen mande Bondye ki bay kè poze a pou l’ fè nou favè pou nou viv pou li nèt ale. Konsa, lè Jezikri, Seyè nou an, va vini, li p’ap jwenn nou ak ankenn defo, ni nan kò nou, ni nan lespri nou ni nan nanm nou”*. Vèsè sa a genyen senk ansèyman enpòtan:

- 1. Sanktifikasyon an se travay Bondye.** Menm Bib la deklare sa. Bondye sen, e li vle pou nou sen jan li ye a.
- 2. Sanktifikasyon an konplèt.** Apot la vle pou ke Bondye sanntifye kretyen an konplètman, sa vle di, lespri li, nanm ak kò li.
- 3. Sanktifikasyon an se pou lavi sa.** Nou pa ta dwe rete tann pou moman lanmò a rive. Sanntifikasyon an se pou lavi sa a epi se pou lavi ki pap janm fini an tou.
- 4. Sanntifikasyon an rive nan tout pati nan nati imèn nan.** “Tout ou menm” vle di ke tout sa ke moun nan ye a, afeksyon l yo, volonte l’, panse ak motivasyon yo dwe sanntifye.
- 5. Sanktifikasyon prepare kretyen yo pou retou Seyè a. Sanntifikasyon an prepare kretyen an pou jijman final la.** Se poutèt sa ke sanntifikasyon an pa ta dwe retade jouk Seyè Jezi ki se Kris la retounen, men pito, Kounye a li dwe chèche epi jwenn, déjà ke si li kolabore avèk Bondye nan pwosesis sanntifikasyon, kretyen an dwe san repwòch, sa vle di, san zanbaj pou l kapab aksepte retou Kris la.

Menm jan ke kwayan nan Tesalonik yo, yo tout te aksepte Kris la Kòm Seyè ak Sovè yo, yo bezwen toujou grandi pandan y ap transfòme selon karaktè Jezi ki se Kris la.

## Pati imen an nan sanntifikasyon an

*Kòman kretyen an prepare li pou ranplisaj Sentespri a?*



John Wesley te anseye ke gen twa faktè ki prepare kwayan an pou l sanntifye antyèman. Repantans ke li fè premye faktè a.

Repantans sa a diferan de eksperyans konvèsyon ki anvan an. Sa pa soti nan kilpabilite pou peche ki te komèt la, men li soti nan dekouvèt dezi peche ki rete nan kè li, li pa kapab libere kèlkeswa kantite efò ke li fè.

Dezyèm faktè a se dezi pou fè mouri peche a, pou debarase de tout tras peche ki abite nan li. Twazyèm faktè a se lafwa, sa vle di, konfyans ke Bondye ap delivre li soti nan enklinalasyon pou fè peche a. Lafwa fè sa posib pou kwè ke Bondye ap travay pirifikasyon sa a andedan kè li (Travay 15:8, 9; 26:18; Galat 6:14).

Nan eksperyans sanntifikasyon total la, moun nan jwe yon wòl enpòtan, pliske li genyen tout libète nan men li pou ke li reponn ak lanmou Bondye a, pandan ke l'ap konsakre tout tan li pou ke Seyè a itilize li jan ke li konsidere l pi bon an.

Aksyon konsekrasyon an gen rasin li nan Ansyen Testaman an. Yo mande pèp Izrayèl la pou li te sanktifye li pou sèvi Seyè a (Jozye 3:5). Nan Nouvo Testaman an atidid ke yo mande de moun nan se “rann tèt” oswa “prezante” li konplè pou Bondye (Women 6:13; 19; 12:1) epi yon aksyon konsekrasyon ka fèt sèlman nan yon moun ki fèt yon dezyèm fwa (Women 6:13).

Apot Pòl te anseye ke chak kretyen aple pou prezante tout yo menm tankou yon sakrifis vivan epi ki fè Bondye plezi (Women 12:1). Oto-sakrifis sa oubyen ofrann volontè sa soti nan yon kè ki rekonesan an repons ak lanmou Bondye a.

Aksyon konsekrasyon an rive reyalize atravè yon lapriyè remisyon enkonvèsyonèl ki gen ladan tout lavi, kapasite ak byen, tou de nan moman sa a ak nan tan kap vini an, se yon remisyon lavi ki konplèt pou sèvis Bondye a.

## Pati pa Bondye a nan sanntifikasyon an

***Kisa Bondye fè pou l pirifye kè nou?***



Aksyon ke Bondye fè lè ke li ranpli pitit li yo ak Sentepri a atravè sanntifikasyon an pou pirifye, netwaye peche, oubyen rann li apa pou Bondye. Sa a se yon bagay ke kretyen an li menm pa kapab fè poukont li.

Nan sanntifikasyon total moun nan tout antye a, lespri, ak nanm nan rete anba dominasyon Kris la (Women 8: 7). Sepandan eksperyans sa a fè kretyen an pafè, nan sans ke li pa ka mal nan panse li ak aksyon li. Men, lè li sanntifye a, Senyè a pirifye entansyon kè li pou ke panse li yo, fason pale li yo ak aksyon li yo kontinyèlman dirije pou fè sa ki fè Bondye plezi.

Moun ki sanntifye a pa lib pou peche. Se poutèt sa, li dwe okipe li nan zafè delivrans li avèk anpil atansyon, rete obeyisan toutan, pandan ke l'ap

Ranplisaj Sentepri a se kondisyon pou nenpòt sèvis anvè Bondye : “Se pou sa, frè m’yo, chwazi sèt gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa Sentepri, ki gen kont bon konprann sou yo. N’a ba yo fè sèvis sa a” (Travay 6:3).



egzamine lavi li epi rete dosil anba gid Sentespri a, li menm ki korije li epi fè li vin sanble ak Kris la pi plis chak jou (Filipyen 2 :12). Desizyon pou viv nan sentete epi sèvi Bondye avèk tout fòs la dwe yon bagay ki renouvle chak jou.

Dezyèm zèv lagras la resevwa plizyè non diferan: sanntifikasyon kwayan an, sanntifikasyon total la, lanmou pafè oubyen ranplisaj Sentespri a. Se gras ak eksperyans kwayan sa ki fè ke kounye a li sanntifye, li panche pou fè volonte Bondye a san pou san. Nan sanntifikasyon an, nati moun nan vrèman chanje epi li rantre nan yon amoni ki otantik avèk volonte Bondye epi imaj Bondye a kapab renouvle nan pitit fi ak pitit gason li yo (1 Tesalonisyen 5 :23).

*“Mwen mande Bondye ki bay kè poze a pou l’ fè nou favè pou nou viv pou li nèt ale. Konsa, lè Jezikri, Seyè nou an, va vini, li pap jwenn nou ak ankenn defo, ni nan kò nou, ni nan lespri nou ni nan nanm nou” (1 Tesalonisyen 5:23).*

Antyè sanntifikasyon an se pa dènye eskalye pou rive atenn nan lavi kwayan an, men pito se kòmansman yon lavi an kwasans “Okontrè, se pou nou grandi nan favè ak konesans Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, koulye a ak pou tout tan” (2 Pyè 3:18).

### ***Konsèy pou etid leson sa a:***

#### **Sanntifikasyon**

<i>Jeremi 31:31-34</i>	<i>1 Jan 1:7-9</i>
<i>Ezekyel 36:25-27</i>	<i>2 Korentyen 6:14-7:1</i>
<i>Malachi 3:2-3</i>	<i>Galat 2:20; 5:16-25</i>
<i>Matye 3:11-12</i>	<i>Efezyen 3:14-21; 5:17-18, 25-27</i>
<i>Lik 3:16-17</i>	<i>Filipyen 3:10-15</i>
<i>Jan 7:37-39; 14:15-23; 17:6-20</i>	<i>Kolosyen 3:1-17</i>
<i>Travay 1:5; 2:1-4; 15:8-9</i>	<i>1 Tesalonisyen 5:23-24</i>
<i>Women 6:11-13; 19; 8:1-4; 12:1-12</i>	<i>Ebre 4:9-11; 10:10-17; 12:1-2; 13:12</i>

#### **Pèfeksyon Kretyèn oubyen Lanmou Pafè**

<i>Detewonòm 30:6</i>	<i>Filipyen 3:10-15</i>
<i>Matye 5:43-48; 22:37-40</i>	<i>Ebre 6:1</i>
<i>Women 12:9-21; 13:8-10</i>	<i>I Jan 4:17-18</i>
<i>1 Korentyen 13</i>	

## Batèm avèk Sentespri a

*Jeremi 31: 31-34*

*1 Pyè 1:22*

*Ezekyèl 36: 25-27*

*1 Jan 3:3*

*Malachi 3:2-3*

*Travay 1:5; 2:1-4; 15: 8-9*

*Matye 3:11-12*

*Women 15:29*

*Lik 3:16-17*

**Sanntifikasyon total la** se yon aksyon enstantane ke Bondye fè, e tou se yon pwosesis ke atravè li menm, kreyen an grandi konfòm ak modèl Jezi a.

## Sentete Kreyèn

*Matye 5:1 – 7:29*

*1 Tesalonisyen 3:13; 4:7-8; 5:23*

*Jan 15:1-11*

*2 Timote 2:19-22*

*Women 12:1-15:3*

*Ebre 10:19-25; 12:14; 13:20-21*

*2 Korentyen 7:1*

*1 Pyè 1:15-16*


*Efezyen 4:17-5:20*

*2 Pyè 1:1-11; 3:18*

*Filipyen 1:9-11; 3:12-15*

*Jid 20 ak 21*

*Kolosyen 2:20-3:17*



## KISA NOU TE APRANN?

Sanktifkasyon total la oswa ranplisaj Sentespri a se volonte Bondye pou tout pitit gason ak pitit fi li yo. Pou resevwa dezyèm eksperyans sa a aprè konvèsyon an, kwayan an dwe remèt lavi bay Bondye totalman kòm yon ofrann nan fè sèvis pou Bondye. An repons, Bondye pirifye lavi li de tout move tandans epi ranpli li avèk Sentespri Li a. Se atravè ranplisaj Lespri Bondye a ke lanmou pafè pou Bondye a kapab devlope epi grandi nan lavi kreyen an pandan l'ap fè li vin plis sanble ak Kris la pi plis chak jou.

## ENSTRIKSYON:

1. Poukisa se volonte Bondye pou nou vin sanntifye?

---

---

---

2. Avèk ki lòt non moun konnen eksperyans sanntifikasyon total la?

---

---

---

3. Ki moun ki ka resevwa eksperyans sanntifikasyon total la epi poukisa?

---

---

---

4. Nan opinyon ou, ki obstak sa yo ki kapab anpeche yon pitit gason oswa pitit fi Bondye ranpli ak Lespri Sentespri a?

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

5. An koup, se pou nou pataje opinyon nou sou sa ki annapre yo: Si yon moun mande nou: Poukisa mwen bezwen ranpli ak Sentespri a? Ki sa ki ta repons ou?

Answit, chwazi pi bon repons yo nan chak koup epi dyaloge ak rès klas la.

---

---

---

---

---

---

---



**Leson 7**

**KI OBJEKTIF LEGLIZ LA?**



## Objektif yo

- Trase orijin ak nati Legliz la.
- Reflechi sou misyon Legliz la.
- Apresye batèm ak soupe Seyè a.

## Lide Prensipal yo

- Se Jezi ki se Kris la ki te fonde Legliz la, Li menm ki se tèt li epi kò a se ansanm de disip li yo k'ap sèvi li atravè nasyon yo.
- Sakreman yo se mwayen lagras ke Jezi ki se Kris la te òdone, pou ede nou grandi nan lafwa ak inite antan ke Pèp Bondye.

## Entwodiksyon

Kisa Legliz la ye? Èske li sèlman gen pou wè avèk yon òganizasyon ki gen yon ansanm de moun ladan li?

### Pou etid legliz la:

Egzòd 19:3,  
Jeremi 31:33,  
Matye 8:11, 10:7,  
16:13-19, 24, 18:15-20,  
28:19-20,  
Jan 17:14-26, 20:21 - 23,  
Travay 1:7-8, 2:32-47,  
6:1-2, 13:1, 14:23,  
Women 2:28-29, 4:16,  
10:9-15, 11:13-32,  
12:1-8, 15:1-3,  
1 Korentyen 3:5-9, 7:17,  
11:1, 17-33, 12:3, 12:31,  
14:26-40,  
2 Korentyen 5:11-6:1,  
Galat 5:6, 13-14;  
6:1-5, 15,  
Efezyen 4:1-17, 5:25-27,  
Filipyen 2:1-16, 1  
Tesalonisyen 4:1-12, 1  
Timote 4:13,  
Ebre 10:19-25,  
1 Pyè 1:1-2, 13,  
2:4-12, 21; 4:1-2, 10-11,  
1 Jan 4:17,  
Jid 24,  
Revelasyon 5:9-10.

Nan atik lafwa nimewo 11, osijè de Legliz la, nazareyen yo afime:

*Nou kwè nan Legliz la, kominote ki konfese Jezi ki se Kris la kòm Seyè, pèp alyans Bondye renouvle nan Kris la, Kò Kris la ki aple pou vin fè yon sèl pa mwayen Sentespri a atravè Pawòl la. Bondye rele Legliz la pou l vin eksprime lavi li nan inite ak kominyon nan Lespri a nan adorasyon pa mwayen predikasyon Pawòl la, nan obsèvasyon sakreman yo epi administre nan non li; pa mwayen obeyisans a Kris la ak responsablite youn anvwè lòt.*

*Misyon Legliz la nan mond lan se kontinye travay redanmtè Kris la avèk pouvwa Lespri a, atravè yon lavi ki san tach, evanjelizasyon, fòmasyon disip ak sèvis. Legliz la se yon reyalyte istorik ki òganize nan yon fòm kiltirèl; genyen anpil kongregasyon local menm jan ak kò inivèsèl ki mete moun ke Bondye aple yo apa pou kèk ministè espesyal. Bondye rele legliz la vin anba dominasyon li depi davans anvan ke Seyè a Jezi ki se Kris la retounen". (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021).*

## Kòman Legliz la te pran nesans?

**Nan seksyon sa, nou pral aprann kòman Legliz la te pran nesans.** 

Depi nan kòmansman istwa limanite, Bondye te toujou vle fòme pèp pal i a. Avèk objektif sa, Li te rele Abraram ke li te pwomèt leve yon gran pèp atravè jenerasyon li a pou ke yo te kapab sèvi yon gwo benediksyon pou tout fanmi ki sou latè (Jenèz 12:1-9). Avèk yon tan, Izrayèl te rive vin yon nasyon ke Seyè a te chwazi, men byen souvan, yo te bliye misyon ke Bondye te ba yo lòd egzekite a pou yo te sèvi kòm yon limyè pou nasyon yo. Pi devan, Bondye anonse atravè pwofèt yo ke li t'ap gen pou l te fòme yon pèp ki t'ap genyen tout nasyon yo ladan li epi pèp li sa se Legliz la (1 Pyè 2:9-10).

Akoz de move jesyon Izrayèl nan misyon li, Bondye te akonpli objektif li a lè ke Li te voye Pitit li Jezi ki se Kris la, li menm ke atravè ministè li, lanmò ak rezireksyon li, li te kòmanse ministè Legliz la lè li te kite responsablite preche levanjil nan tout nasyon yo nan men disip li yo (Matye 28:18-20).

Kretyen yo make nesans Legliz la nan jou Lapannkòt la, lè ke sanven disip, fanm kou gason te rasanble nan chanm anlè a, aprè yon bèl peryòd ke yo te pase nan lapriyè, yo te ranpli ak Sentespri a epi yo te kòmanse evanjelize epi fè disip nan anpil nasyon ki te rasanble nan lavil Jerizalèm (Travay 2:1-42).

## Karakteristik Legliz la

### *Kòman vrè Legliz Jezi Kris la ye?*



Tradisyonèlman, teyolojyen yo wè kèk karakteristik espesyal ki diferansye Legliz la. Pa egzanp:

- 1. Legliz Seyè a vizib ak envizib an menm tan.** Li vizib paske nou kapab wè frè nou yo nan kongregasyon local yo, men li envizib paske li konpoze de tout kretyen ki nan tout kongregasyon ki te deja pase epi ki nan prezans Seyè a.
- 2. Legliz la lokal ak inivèsèl.** Lokal, lè l fè referans ak yon gwoup fidèl k'ap pèsevere yon sèl kote. Inivèsèl, paske li genyen yon ansanm de kwayan ki nan tout ras ak tout epòk yo.
- 3. Legliz la se yon sèl epi li divès.** Inite Legliz la nan kondisyon pou yo fè yon sèl nan Kris la. Men li divès paske li manifeste nan plizyè kongregasyon lokal diferan.
- 4. Legliz la sen epi enpafè.** Pliske Kris la sen, ebyen antan ke Kò espirityèl Kris la, li menm tou li sen; sepandan, pliske li fòme avèk moun, li toujou nan nesosite pou li netwaye de peche.

### **Tanp ak legliz la, èske yo sinonim?**

Daprè Bib la, legliz la se pa yon kote oubyen yon gwo kay kote nou reyini pou nou fè sèvis pou Bondye. Legliz la se ansanm de moun ki rasanble pou adore, pou aprann nan men Seyè epi genyen akonpayman (2 Korentyen 6:16). Chak fwa ke Legliz la reyini, se paske Bondye konvoke li pou aprè sa li voye li nan mond lan pou al sèvi li.

*“Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l’apa. Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò”*  
(Women 12:4-5).

## Metafò legliz la

### *Atravè metafò bibliik, yo ka aprann plis sou Legliz la.*



Lè Bib la vle anseye verite konsènan Legliz Kris la, li itilize konparezon, parabòl oswa figi estil. Nou pral etidye sa kèk nan metafò Legliz la anseye nan tablo sa a:

**Kretyen yo se wayòm sakrifikatè**

Antan ke sakrifikatè, kretyen yo gen privilèj pou yo entèsede nan lapriye devan Bondye pou moun sa yo ki nan peche, pou ke yo kapab konsakre lavi yo bay Kris la epi yo kapab sove.

Metafò Biblik Legliz la	Sitasyon	Ansèyman Prensipal
Yon bann mouton	Jan 10:1-18	Jezi ki se Kris la se Bondye Bèje a, li menm ki pran swen, nourri ak defann Legliz li a (bann mouton), li menm rive bay lavi li pou li.
Fiyanse Kris la	Revelasyon 19:7-8	Jezi ki se Kris la se fiyanse k'ap vin marye ak Legliz la, li menm k'ap prepare li nan sentete pou nòs Ti mouton an, evènman ki gen pou rive nan dezyèn vinili a.
Edifis	Efezyen 2:19-22	Fondman Legliz la se apot yo ak pwofèt yo, gwo wòch ki kenbe tout fondasyon an se Kris la. Edifis sa se tanp ki sen an epi li se kay kote Sentespri a rete, epi tanp sa kontinye ap grandi pandan ke li kontinye ap fè plis disip chak jou.
Kò Kris la	Women 12:3-8; 1 Korentyen 12:12-27	Legliz la ini avèk Kris, lidè li a (tèt) espiyèl la. Manm li yo ede youn lòt epi yo chak akonpli pwòp fonksyon pa yo (ministè) espesyal nan mete kado espiyèl yo an pratik.
Pèp Bondye (Nasyon sen)	1 Pyè 2:9	Menm jan ke Bondye te chwazi Izrayèl pami tout pèp yo pou l te vin youn pèp ki apa pou Li, se menm jan tou ke Bondye chwazi Legliz la pou l vin nouvo pèp Li.

Kò Kris la se youn nan imaj prefere ke Pòl te konn itilize lè li t'ap fè referans ak Legliz la. Pou kisa? William Barclay reponn: "Manm kò yo pa diskite ant yo, ni yo pa anvyesò youn lòt, ni yo pa diskite sou enpòtans ke youn genyen pase lòt. Chak pati nan kò a devlope pwòp fonksyon pa li, san gade konbyen dekouvèt oubyen kache fonksyon sa ta ye."

## Sakreman yo oubyen mwayen lagras yo

***Nan seksyon sa a, nou pral etidye pratik ke Jezi òdone yo.***



Sakreman yo se youn ansanm de pratik ak selebrasyon ke Jezi te bay Legliz la lòd reyalize. Sa yo trè enpòtan pliske yo kominike anpil ansèyman fondamantal sou lafwa kretyèn nan, yo ede afime idantite kòm pèp Bondye a, pou fòtifye kominote a ant kwayan yo, epi pataje prezans Kris la pa mwayen aktivite Sentespri a.

Teyolojiyen Orton Wiley eksplike siyifikasyon sakreman tankou sa: “Yon siyal ekstèn epi vizib ki soti nan yon gras ki entèn ak espiyityèl ke nou resevwa, òdone pa Kris la kòm yon mwayen ki pèmèt nou resevwa gras sa, ak pwomès pou ke nou asire nou de sa” (1976, p. 428).

Se pa tout konfesyon nan lafwa yo ki genyen menm pwen de vi konsènan siyifikasyon sakreman yo. Pa egzanp, Legliz Katolik Womèn nan ak Legliz Grèk Otodòks la selebre sèt sakreman: batèm, kominyon, konfimasyon, penitans, onksyon ekstrèm, ak maryaj. Men, Pifò nan legliz Pwotestan yo rekonèt sèlman de sakreman: batèm ak sent sèn, pliske se sèlman yo menm ke Jezi ki se Kris la te etabli (Matye 28:19, 26:26-27).

## Sent Sèn oubyen Kominyon

**Sent Sèn nan se yon fèt espiyityèl Kominyon avèk Kris.**



Legliz Nazareyen deklare nan atik lafwa nimewo 13 li a:

“Nou kwè ke Repa komemoratif ak kominyon etabli pa Seyè nou ak Sovè Jezikri, se esansyèlman yon Sentsèn nan Nouvo Testaman an, ki deklare lanmò ekspyatwa li sou kwa a, akòz de aksyon sa a, kwayan yo gen lavi ak Sali a, ak pwomès la nan tout benediksyon espiyityèl nan Kris la. Li espesyalman pou moun sa yo ki prepare pou apresye siyifikasyon li yo, epi pa mwayen li menm yo anonse lanmò Seyè a jouk li vini ankò. Pliske se yon fèt kominyon, se sèlman moun ki gen lafwa nan Kris la ak lanmou pou pèp Bondye a, yo ta dwe rele pou patisipe ladan li”. (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021).

Nan 1 Korentyen 10:14 a 11:26 Apot Pòl anseye Legliz la enpòtans selebrasyon Soupe Seyè a.

1. Pòl fè yon diferans ant kominyon payen an ak zidòl li yo ak kominyon kretyèn nan avèk Kris la.
2. Sa a se yon ansèyman ke Legliz la te resevwa dirèkteman nan men Seyè a. Depi nan pwen de vi Pòl la, Repa Seyè a ke Legliz la pratike a, li ranplase fèt jwif fèt Pak la. Sa a se paske kominyon an se yon pati komemoratif nan mwayen yo itilize pou liberasyon espiyityèl nou, ki se, kò a ak san Jezi a ki te koule pou nou sou bwa Kalvè a. Pen ki pataje a reprezante kò Kris la epi ji rezen reprezante san li.
3. Se yon fèt kote ke nou kapab sonje ak selebre depi davans, pwomès retou Jezi ki se Kris la, Seyè nou an pou yon dezyèm fwa.
4. Selebre inite manm legliz yo. Nan vèsè 10:17 Pòl deklare: “Gen yon sèl pen kote nou tout patisipe; pou sa, malgre nou anpil, nou fòme yon sèl kò”.

**Sakreman:** Li soti nan vokabilè sacro, ki vle di sakre.

**Pou etid sou sakreman yo:**  
1 Korentyen 10:14-22,  
11:23-24  
Travay 8:26-39  
Women 6:1-13.



“Aprè sa, li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase li. Li ba yo l’, epi li di yo: “Sa se kò mwen. Se mwen menm ki bay li pou nou. Se pou nou fè sa pou nou ka toujou chonje Mwen” (Lik 22:19, vèsyon bibliik Louis Segond).

**Twa fòm batèm:**

- Aspèsyon: Wouze oubyen mikte ak dlo.
- Afizyon: vide yon ti kras dlo.
- Koule: plonje tout kò nan dlo.

**Pou etid sou batèm lan:**

Matye 3:1-7, 28:16-20,  
Travay 2:37-41,  
8:35-39, 10:44-48,  
16:29-34, 19:1-6,  
Women 6:3-4,  
Galat 3:26-28,  
Kolosyen 2:12,  
1 Pyè 3:18-22.

5. Se yon nouvo opòtinite pou di mèsi pou nouvo lavi sa a ke Bondye fè nou kado akòz de gwo lanmou ak mizèrikòd li. Chak fwa ke nou patisipe soupe sa a kote ke Seyè a envite nou, nou selebre ak sonje ke Sali nou an genyen yon pri ki wo ke Bondye te bay Pitit li a ki se Jezi Kris.

## Batèm nan

### Nan seksyon sa a nou pral etidye siyifikasyon batèm nan.



Depi nan tan Ansyen Testaman an jwif yo te konn batize moun sa yo ki te fè pati de lòt pèp ak relijyon, epi te vle konvèti nan Jidayis la. Jan Batis, li menm ki te vini avan Jezi nan ministè li, batize nan larivyè Jouden an, moun ki repanti nan peche e yo te vle kòmanse yon lavi nan obeyisans anvè Bondye (Matye 3:1-12).

Anvan ke li te monte nan syèl la, Jezi ki se Kris la te bay disip li yo lòd sa yo: Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba” (Matye 28:18-20).

Nan premye prèch li a, Pyè te preche: “Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n’a resevwa Sentespri, kado Bondye a” (Travay 2:38). Se poutèt sa, pou patisipe nan Sakreman batèm nan, li te nesesè pou kwè nan Kris la epi retounen vin jwenn Bondye. William Barclay di ke pou kreyen bonè (Travay 8:26-39), batèm te vle di omwen twa bagay:


1. **Pirifikasyon peche.** Dlo te toujou yon senbòl netwayaj.
2. **Li te make yon moman defini nan lavi.** Se kòmansman yon nouvo lavi tankou yon disip Jezi.
3. **Se te yon vrè inyon avèk Kris la.** Nan plonje nan dlo yo, se te tankou mouri ak ke yo te antere l’, tankou se te Kris la, epi tankou Mèt, li te tou leve pou yon nouvo lavi (Women 6:1-4).

Legliz Nazareyen an mete aksan sou valè Sakreman batèm nan afime nouvo disip la nan lavi kreyen nan atik lafwa nimewo 12:

“Nou kwè ke **batèm** kreyen, òdone pa Senyè nou an, se yon Sakreman ki siyifi aksepte benefis yo atravè Ekspyasyon Jezi Kris la, ki dwe administre kwayan yo, epi ki deklare lafwa yo nan Jezikri kòm Sovè yo, ak plen objektif obeyisans nan sentete ak jistis. **Batèm** nan se yon senbòl nouvo kontra, yon moun ka batize jèn timoun, sou demann paran yo oswa gadyen legal yo, li

menm ki pral pwomèt ansèyman kretyen ki nesesè yo. **Batèm** nan kapab administre pa aspèsyon, afizyon oubyen imèsyon, tou depann de preferans kandida a.” (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021).


### Senk Fonksyon Prensipal Legliz la



### Pou etid sou repa

**Seyè a:**  
 Egzòd 12:1-14,  
 Matye 26:26-29,  
 Mak 14:22-25,  
 Lik 22:17-20,  
 Jan 6:28-58,  
 1 Korentyen 10:14-21,  
 11:23-32.

Te genyen yon misyonè ki gen abitud batize moun ki konvèti sou predikasyon li yo nan yon rivyè, li te konn fè yo antre nan rivyè a sou kote epi, aprè li fin batize yo, li te mande yo retounen soti nan dlo a nan lòt bò a, se tankou li te genyen yon liy ki te trase pou te voye yo nan yon lòt direksyon nan lavi.



### KISA NOU TE APRANN?

Se Jezi ki se Kris la ki te fonde Legliz la avèk objektif pou ke disip li yo reyini pou adore, nou nan Pawòl la, etabli fratènite ak sèvis yo nan mond lan ak evanjelizasyon pou fè disip Kris la. Legliz la gen nati sen ak divin, men tou imen ak enpafè. Jezi etabli de sakreman, batèm tankou senbòl Nouvèl Nesans kòm disip ak kominyon, kòm yon rapèl pèmanan sou inyon pèp li a kote Seyè li a.

## ENSTRIKSYON:

1. Ki orijin ak objektif egzistans legliz la?

---

---

---

2. Nan pawòl ou, eksplike poukisa tanp lan ak legliz la pa sinonim?

---

---

---

3. Ranpli akwostich sa a konsènan legliz la jan yo etidye nan leson sa a.

- A. \_\_\_\_\_ L
- B. \_\_\_\_\_ E \_\_\_\_\_
- C. G \_\_\_\_\_
- D. \_\_\_\_\_ L \_\_\_\_\_
- E. \_\_\_\_\_ I \_\_\_\_\_
- F. \_\_\_\_\_ Z \_\_\_\_\_

A. Legliz ki fèt ak tout kwayan nan tout ras ak laj yo.

B. Youn nan de sakreman yo te pratike pa legliz Pwotestan yo.

C. Teyolojiyen Orton Wiley eksplike siyifikasyon sakreman an kòm “yon siyal ekstèn epi vizib ki soti nan yon \_\_\_\_\_ ki entèn ak esprityèl...”

D. Youn nan objektif egzistans Legliz la.

E. Youn nan anpil lòt non pou Soupe Seyè a

F. Fondatè Legliz la.

A black and white photograph showing a hand holding a small plant with large, dark leaves. The plant is growing out of a woven basket. The background is a light, textured surface.

*Leson 8*

# **KISA BIB LA DI OSIJÈ DE AVNI AN?**



## Objektif yo

- Klarifye siyifikasyon “Peyi Wa ki nan syèl la”.
- Idantifye evènman dezyèm vini Kris la.
- Konnen sou jijman final la ak lavi ki pap janm fini an.

## Lide Prensipal yo

- Peyi wa ki nan syèl la se yon reyalite pase, prezan ak fiti.
- Gen plizyè evènman nan istwa Sali a ki toujou gen pou vini, tankou jijman final la, pinisyon lènmi Bondye yo ak rekonpans pou pèp fidèl li a.
- Wayòm jistis Jezi ki se Kris la pral etabli konplètman sou pèp li a nan dezyèm vini I la.

## Entwodiksyon

*Li nòmal pou nou santi kiryozi osijè de dezyèm vini Kris la, men nou dwe aksepte ke gen bagay ke Bondye kenbe an sekre pou tèt li, se sèlman li menm ki dwe konnen yo (Travay 1:7). Sa nou konnen ki vrèman reyèl la, se ke Jezi Kris kapab vini nenpòt ki lè, se poutèt sa ke nou dwe toujou prepare nou pandan ke n'ap viv nan sentete.*

Genyen plizyè entèpretasyon diferan san fondman bibliik serye sou evènman ki antoure dezyèm vini Kris la. Anpil moun pale, ekri liv e menm fè sinema sou jan ak ki lè “Gran tribilasyon”, chache fidèl nan Legliz la, revelasyon antikristyanism, epi jete konfizyon sou li.

Li enpòtan pou w sonje ke depi ke Jezi monte nan syèl la, te genyen yon gwoup de moun ki t'ap pretann ke yo konnen jou ak lè retou a, men nou pa dwe konfonn ditou pliske Jezi li menm te di ke sèl moun ki konnen jou ak lè retou li a se Papa nou ki nan Syèl la (Matye 24:36).

Nan leson sa a nou pral limite tèt nou nan etidye sa ke Legliz Nazareyen kwè ak anseye sou evènman sou lavni ki antoure vini Wayòm Jezi ki se Kris la ki pap janm fini an pandan ke n'ap baze nou sou Bib la.

## Wayòm Bondye a

***Ki kote li soti? Ki kote ak kilè Wayòm nan ap fè aparisyon li?***



Sijè Wayòm Bondye a enpòtan anpil pou nou konprann evènman prezan ak fiti, se poutèt sa li esansyèl pou konnen ak ki sa Pawòl la fè referans lè ke li pale de Wayòm Bondye a?

Yon moun ki te anseye pi klèman sou Wayòm nan se te Seyè Jezi ki se Kris la. Li pwoklame mesaj li a kòm “levanjil Wayòm nan” (Matye 4:12, 13,17). Jezi te anseye ke Wayòm Bondye a te vini nan mond lan avèk li e ke otorite li kòm Wa nan Wayòm sa a san limit.

Tèm Wayòm Bondye a se youn nan diskisyon ki plis nan teyoloji Kreyèn nan paske li genyen anpil entèpretasyon diferan pou li. Youn nan pi plis yo distribiye nan kontèks nou an se pa Legliz Katolik Womèn nan, ki afime ke tout bagay ki pa fè pati de Legliz Katolik Womèn nan, li andeyò

wayòm Bondye a. Entèpretasyon sa a ki limite Wayòm Bondye a nan yon òganizasyon imen, se menm jan ak sipoze pa gwoup relijye tankou Temwen Jewova yo ak Mòmou yo.

Sepandan, lè yo etidye Pawòl la, li klè ke Wayòm sa a pa limite pa yon òganizasyon, men se pou tout pitit gason ak pitit fi Bondye. Wayòm sa a ap deplwaye nan twa tan istorik, paske li te gen konmanson li yo, se gaye jodi a epi yo pral egziste pou tout tan.

- 1) **Wayòm nan te vini avèk Kris la, Li menm ki se Wa li.** Sa a tankou nenpòt ki lòt Wayòm gen lwa li yo, men nan ka sa a, lwa yo ekri nan kè moun ki fè pati de li.
- 2) **Wayòm nan ap elaji,** li genyen teritwa ak chak nouvo lavi ki aksepte Kris kòm Sovè ak Seyè li.
- 3) **Wayòm nan ap vini an plen nan dezyèm vini Kris la,** lè gouvènman san limit epi etènèl li a pral etabli sou pèp li a ak tout kreyasyon an (Mak 1:14-15).

An konklizyon, li ka deklare ke Wayòm Bondye a prezan nan mond sa a kounye a nan lavi chak moun k ap viv anba dominasyon Jezi ki se Kris la (Matye 12:22-28; 13:44-46, Mak 4:3; 12:34, Lik 17:20-21).

*Siyifikasyon mo “Wayòm” nan, soti nan vokabilè grèk basileia ki genyen de sans, youn konkrè ki se “dominasyon”, “teritwa”, “Wayòm” oubyen “pèp ki genyen yon wa k ap gouvène li”, ak lòt la abstrè ki endike “Souverènte” oswa “pouvwa wayal”. Lè yo di ke y ap preche “levanjil Wayòm Bondye a” sa konprann kòm “levanjil teritwa Bondye a”, li pa fè referans ak yon pwèn jeyografik answa, men pito se nan souvènte Bondye.*

## Dezyèm vini Kris la

***Nou menm nazareyen yo, kisa nou kwè osijè de retou Kris la?***



Lè Jezi ki se Kris la te vini pou premyè fwa a, li te gen yon misyon pou l te akonpli, preche bon nouvel Wayòm Bondye a epi akonpli plan Sali a lè li ta kloure sou kwa a, mouri, ak resisite (Travay 10: 39-41). Yon pati nan misyon li se te etabli Legliz la pou ke li te kontinye travay la ke Li te déjà kòmanse a, li komisyon li pou fè disip Wayòm nan nan tout nasyon yo (Travay 10:42-43).

Jezi ki se Kris la te pwomèt legliz li a ke li ta gen pou l vini ankò nan tout pouvwa li ak tout bèl glwa li (Travay 1:11). Nan Nouvo Testaman an evènman sa a dekri nan mo grèk parousia ki vle di prezan oswa prezans (2 Korentyen 4:1-3). Mo sa a tradwi tou tankou vini oswa rive (1 Tesalonik 4:13).

Legliz Nazareyen an pa espèkilè sou lòd evènman nan lavni yo, ni sou jou lè Jezi ap vini ankò. Nan Atik Lafwa Nimewo 15 lan “Dezyèm Vini Kris la” li deklare:

*“Nou kwè ke Seyè Jezi ki se Kris la ap vini ankò; ke nou menm k ap viv toujou nan moman l ap vini an, nou pap mouri menm jan ak moun ki te déjà mouri nan Kris yo; men, si nou rete atache avèk Li, nou pral anlve ansanm avèk sen yo ki pral resisite pou n al rankontre Seyè a anlè a, epi nou pral toujou rete avèk Li.”* (Manyèl Legliz Nazareyen 2017-2021)

Konsènan tan akonplisman li a, pwofesi bibliik yo klase an twa kalite:

1. Pwofesi ki deja akonpli yo. Se sa yo ki te fè referans ak moun pèp Izrayèl yo ak pou moun peyi Jida yo, konsènan premye vini Jezi ki se Kris la ak etablisman Legliz atravè aparasyon Sentespri a ki pral viv nan kè pitit gason ak pitit fi Bondye yo.
2. Pwofesi nan pwogrè konfòmite. Sa yo ye evènman ki gen rapò ak istwa nan nasyon Izrayèl la ak Legliz la.
3. Pwofesi ki poko akonpli yo. Yo menm ki konsène lavni pèp Izrayèl la ak legliz la, epi sitou sa yo ki gen rapò ak dezyèm vini Jezi ki se Kris la ak etablisman Wayòm etènèl Bondye a.

Nati Wayòm se yon bagay ki soti nan Syèl la paske li se epi soti nan Bondye (Matye 6:9, 10, 33, 12:28, 21:31, 43).

Pi devan nan atik lafwa nimewo 16 la sou “Rezireksyon, jijman ak desten an”, li deklare:

“Nou kwè nan rezireksyon mò yo, nou kwè ke moun ki te mouri nan Kris yo menm jan ak payen yo va leve epi nan tèt kole ak lespri yo—‘moun sa yo ki te fè bon zèv yo pral leve vivan pou lavi ki pap janm fini an; men kanta pou moun sa yo ki t’ap fè sa ki mal pral leve vivan pou yo resevwa kondannasyon’.

Nou kwè nan jijman ki gen pou vini an kote ke tout moun pral parèt devan Bondye pou jije selon aksyon yo te poze nan lavi sa.

Nou kwè ke pou moun sa yo ki sove paske yo kwè nan Jezi ki se Kris la Sovè nou an epi kontinye mache nan obeyisans, li genyen asire bèl lavi ki pap janm fini an; epi pou moun sa yo ki kontinye pèsevere nan fè sa ki mal jouskalafen gen pou souffri nan lanfè ki pap janm fini” (Manyèl Legliz Nazareyen 2005-2009).

Se poutèt sa, Legliz Nazareyen konprann ke Bib la prezante istwa limanite ak linivè a se pa sou fòm klinik, men pito literal, epi li kontinye avanse selon plan Bondye jiska moman kote ke Jezi ki se Kris la va retounen epi Bondye pral etabli Wayòm jistis li ki pap janm pran fen. Pawòl la anseye ke nan moman kote ke Jezi ki se Kris la ap vini an, pral genyen anpil gwo evènman ki pral pase, n’ap genyen pou ke nou etidye bagay sa yo pi devan.

## Rezireksyon moun ki mouri yo

Apot Pòl te anseye sou esperans fiti kretyen an nan Wayòm nan k’ap vini nan tout abondans li avèk Kris la nan dezyèm vini li an epi k’ap pote jistis ki bon nèt la, l’ap pote kè kontan ak lajwa sou late pou toutan (Women 14:17, Kolosyen 1:13, 1 Korentyen 6:9, 15:50, Galat 5:21, Efezyen 5:5, 2 Timote 4:1,18).

### ***Kisa ki pase ak lespri a lè ke yon moun mouri?***



Etap lavi kounye a pou antre nan lavi ki pap janm fini an se yon bagay ke tout moun gen pou yo eksperimante bonè oubyen ta. Anpil moun ap gen pou yo pase nan eksperyans lanmò a, men sa pa pwen final egzistans lòm, men pito se yon etap a yon fòm egzistans diferan.

Après ke moun yo fin mouri, moun yo kontinye nan yon eta de konsyans, sa vle di, y’ap kontinye rete reveye, y’ap kapab pale epi gen kapasite pou yo santi ak sans yo. Jezi te anseye tout pitit fi ak pitit gason li yo ke lè yo ta mouri, yo pral rete avèk Li yon kote, kote sa dekri antan ke “paradi” (Lik 23:43). Pòl dekri eksperyans sa kòm agreyab ak enteresan, pliske se ladan li ke kretyen an libere de soufrans ki asosye nan lavi nan lachè a, kòm doulè, maladi, pèsekisyon, tristès, ak anpil lòt bagay ankò (Filipyen 1:21-24). Men Jezi te dekri eksperyans moun ki te refize l yo pral fè après yo fin mouri tou, sa ki pral yon doulè ak soufrans ki pap janm fini (Lik 16:19-31).

Men la a, tout bagay pa fini, lè ke Kris la vini pou yon dezyèm fwa, tout mò yo pral resisite. Nan Jan 5:28-29 di konsa: “Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm pral tande vwa li, yo pral leve soti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki pap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondannasyon yo.”

Lè yon moun mouri, kò fizik la vin tounen pousyè tè, ki se matyè a ak ki li te kreye a (Jenèz 3:19), men lespri a pap mouri. Nan rezirèksyon an, lespri a resisite nan yon nouvo kò, transfòmè, diferan nan nati, kote chak moun pral kontinye egzistans etènèl yo (1 Korentyen 15:23, 42-44). Tout moun yo pral leve byen vivan (Revelasyon 20:12,13), kwayan yo pral resisite pou lavi epi payen yo pral leve vivan pou kondanasyon (Danyèl 12:2, Jan 5:29).

Moun ki vivan yo nan moman vini Kris la pral fè eksperyans ak yon transfòmasyon kote ke yo pral resevwa tankou moun ki te resisite a kò pou letènite. Apot Pòl ak Jan nan liv Revelasyon an yo ini evènman rezirèksyon moun ki mouri yo ak yon lòt evènman kote Seyè a pral reyini pou tout tan ak Legliz li a (1 Tesalonisyen 4:16-18).

## Jijman final la

### *Kisa jijman final la genyen ladan li?*



Jezi Kris pral vini kòm yon jij pou jije tout limanite epi sa ap fèt apre tout moun ki mouri yo fin leve soti vivan (Jan 5:22,23, Travay 17:31; 2 Korent 5:10). Objektif pwosesis sa a se pou pini moun sa yo ki te refize viv nan obeyisans pawòl Bondye a epi rekonpanse moun ki te disip fidèl nan Jezi Kris yo.

Nan tribinal sa a yo pral jije chak moun dapre zèv yo, panse yo, pawòl yo ak motivasyon yo pandan lavi sa a (Daniel 7:9,10; Eklezyas 12:14; Wom 2:16, Jid 14,15; Revelasyon 20:11-13). Malgre ke netwayaj soti nan peche a resevwa pa lafwa epi yo pa travay, nan jijman Nan fen an tout bon aksyon yo pral rekonpans (2 Korentyen 5:10).

## Lavi ki pap janm fini an

### *Nan seksyon sa a, nou pral aprann osijè de "syèl la".*



Lè kreyen pale de "syèl la" an reyalite, yo fè referans ak lavi etènèl ki prepare pou tout pitit gason ak pitit fi Bondye yo. Nan lòt pasaj nan Bib la, yo fè referans ak kote sa a ke yo rele "lavil sen Bondye a", "nouvèl Jerizalèm", "tabènak Bondye a" (Revelasyon 21:2,3).

Malgre ke pa gen anpil enfòmasyon nan Pawòl la sou kote sa a, sepandan, nou pral wè ansanm sa ke yo te revele nou:

- Se yon lavi nan kontantman konplè, kote kwayan an pral kontinyèlman nan prezans Bondye (Sòm 16:11) epi l'ap nan yon kominyon pafè avèk Bondye ak ti Mouton an (Revelasyon 22:3-5).
- Se yon plas kote laglwa Jezi ki se Kris la pral eklate nan tout abondans li (Jan 17:24).

*Dezyèm vini Kris la kòm pwomès sali a se pa sèlman pou pitit gason ak pitit fi Bondye yo, men pou tout kreyasyon ki soufri anba kontaminezon peche epi tann jou liberasyon an tou (Women 8: 18-21). Doktrin dezyèm vini Kris la te youn nan poto mitan lafwa kreyèn nan epi li te soutni espwa Legliz la nan tout tan nan mitan soufrans ak pèsekisyon.*

Jou retou sa resevwa plizyè non diferan tankou: "Jou Seyè a", "vini Pitit Lòm nan" (Matye 24:27), "vini Seyè a" (1 Tesalonisyen 4:15; Jak 5:7, 8), "lè Jou pa Bondye a rive" (2 Pyè 3:12) epi yo dekri li kòm kòmansman yon tan jijman pou limanite ak rekonpans pou disip fidèl yo (Ezayi 2:2-4; 24:21, Danyèl 2:44, 7:13-14, Sòm 24, Amòs 5:18, Zakari 8:3, Matye 26:64, Mak 14:62, Lik 22:69, Travay 1:9-11).



**Pou etid sou Dezyèm vini Kris la:**

Matye 25:31-46,  
Jan 14:1-3,  
Travay 1:9-11,  
Filipyen 3:20-21,  
1 Tesalonisyen 4:13-18,  
Tit 2:11-14,  
Ebre 9:26-28  
2 Pyè 3:3-15,  
Revelasyon 1:7-8,  
22:7-20.

- La a, kwayan an ap kontinye grandi nan tout bagay ki rann li sanble ak Jezi ki se Kris la, paske li pral konnen li menm jan li ye a (1 Jan 3:1-2).
- Se yon kote ki plen ak sentete. Pa gen okenn peche, enjistis oswa sa ki mal (Ezayi 35:10; Revelasyon 21:27).
- Tout kreyasyon an ap fè louwanj li pou tout tan, y'ap bay Jezi ki se Kris la lonè ak glwa (Revelation 5:13).

Jezi te di disip li yo orevwa pandan ke li t'ap fè yo konnen ke ta pral prepare yon plas espesyal pou ke li rete avèk disip li yo pou tout tan (Jan 14:2-3).

## Lanfè a

### **Èske lanfè a se yon fab oubyen li egziste an reyalite?**



Bib la anseye ke tout desizyon ke moun pran nan lavi sa a genyen konsekans etènèl. Malgre kwayans ki komen ke moun yo kapab genyen se ke yo kapab rann kont devan Bondye apre lanmò, Pawòl la anseye ke pa gen anyen ki fèt nan lavi sa a ki kapab chanje aprè lanmò.

Letènite se yon bagay ke tout èt imen yo pral fè eksperyans, se pou yo sove nan Kris la, Mizilman, Boudis, ate, oswa nenpòt ki lòt kwayans. Verite a se ke pa gen okenn moun ki gen kontwòl tout bagay oubyen kapab chanje sa ki dwe pase aprè lanmò.

Bondye revele ke tout moun ki fè espere lè yo rejte gras ki bay lavi ki pap janm fini atravè Seyè a kondane tèt yo pou lavi etènèl yon kote nan soufrans ki rele “lanfè” (Matye 23:33; Mak 16:16; Jan 3:17-19).

Menm jan avèk “syèl la”, lanfè se yon kote reyèl epi konkrè. Pawòl ke Jezi te itilize pou dekri kote sa a kote Bondye pral lage lènmi l yo rele jeyèn. Nan liv Revelasyon an, kote sa a dekri tankou yon lak dife ak souf (Revelasyon 21:8).

Kontrèman ak blag ke yo souvan ap tante fè sou koze lanfè a, yo dekri Satan kòm wa kote sa a, li menm ki pral pran tout plezi li pou l touman lòm, Pawòl la di kote sa a rezève espesyalman pou Satan ak tout demon l 'yo: “Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l' nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan” (Revelasyon 20:10).

Se pa volonte Bondye pou èt imen yo gen fen sa a, men yo kondane tèt yo nan rejte òf delivrans Jezi ki se Kris la. Sèl fason pou debarase de destine final doule ak lanmò sa a se aksepte Kris la kòm Sovè yo nan lòd pou ke non yo enskri nan Liv Lavi a:

**Pou etid evènman fiti yo:**

Jenèz 18:25,  
1 Samyèl 2:10,  
Sòm 50:6,  
Ezayi 26:19,  
Danyèl 12:2-3,  
Matye 25:31-46,  
Mak 9:43-48,  
Lik 16:19-31; 20:27-38,  
Jan 3:16-18, 5:25-29,  
11:21-27,  
Travay 17:30-31,  
Women 2:1-16, 14:7-12,  
1 Korentyen 15:12-58, 2  
Korentyen 5:10,  
2 Tesalonisyen 1:5-10,  
Revelasyon 20:11-15,  
22:1-15,  
Matye 22:37-39, 27:34,  
Women 12:1-2,  
1 Korentyen 6:19-20,  
9:24-27.

“Aprè sa, mwen wè yon gwo fòtèy blan ak moun ki te chita sou li a. Sièl la ak tè a pran kouri devan l’, yo disparèt nèt ale. Aprè sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Aprè sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo. Lanmò a renmèt tout moun mouri ki te nan fon li. Lanmò ak kote mò yo ye a renmèt tout mò ki te nan men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè. Aprè sa, yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo ye a nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a). Tout moun ki pa t’ gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou” (Revelasyon 20:11-15).

Seyè a te bay gras Sali a pou tout mond lan, epi li nesèsè pou okenn moun al pèdi nan lanfè, sa a se mesaj espwa ke tout moun yo bezwen tande.

“Aprè sa, Jezi di yo: Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske, nou pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive” (Matye 25:13).



## KISA NOU TE APRANN?

Legliz Nazareyen an kwè ke Bib la anseye ke Jezi pral vini pou jije vivan yo ak moun ki mouri yo. Nan vini li a, tout moun ki te mouri yo pral resisite ak yon kò transfòmè. Li pral rekonpanse pitit gason fidèl li yo ak pitit fi li yo nan pran yo nan yon kote pou jwi lavi ki pap janm fini an nan prezans li, yo rele kote sa syèl. Pou moun sa yo ki te rejte li, yo pral jete yo yon kote ki gen soufrans ki pap janm fini ansanm dyab la ak move lespri yo, yo rele li lanfè.

## ENSTRIKSYON:

1. Nan pwòp mo pa w yo, eksplike ki moun sa yo ki kounye a ki dwe fè pati de Wayòm Bondye a epi kilès ki lènmi li yo?

---

---

---

---

2. Nou te etidye ke dezyèm vini Kris la kapab rive nan nenpòt ki moman ... E si li te rive semèn sa a? Fè yon lis bagay sa yo ou bezwen fè nan pwòp vi ou semèn sa a pou prepare pou dezyèm vini Kris la.

---

---

---

---

3. Fè yon lis bagay ou bezwen fè pou ede fanmi ou ak frè w yo nan legliz la, pou yo prepare yo pou dezyèm vini Senyè a.

---

---

---

---

4. Ekri non moun ki tou pre ou e ke ou asire w ke si yo mouri, yo pral nan lanfè. Lè sa a, pran tan lapriyè nan klas epi aprè sa a, fè jèn pandan yon jou epi priye pou ke nan semèn sa a sa Bondye itilize lavi ou pou moun sa yo kapab sove.

---

---

---

---

---

---

---

---

# Evalyasyon Final

Tan 15'

## KOU: PRENSIP POU LAVI KRETYÈN NAN

Non elèv la: \_\_\_\_\_

Legliz oswa sant kote ou etidye: \_\_\_\_\_

Distri: \_\_\_\_\_

Pwofesè kou a: \_\_\_\_\_

Dat evalyasyon sa a: \_\_\_\_\_

1. Eksplike ak pawòl ou yo kòman kou sa a te ede ou apresye doktrin Legliz Nazareyen an.

---

---

---

---

2. Montre kèk sijè nan kou a ki te itil pou kwasans ou nan lavi kretyèn nan.

---

---

---

---

3. Ekri youn oubyen plizyè kesyon ke ou te genyen nan lespri w epi ki tou reponn atravè kou sa a.

---

---

---

---

4. Ki sa ou te aprann nan pratik ministeryèl kou a?

---

---

---

---

5. Nan opinyon ou, kijan kou sa a ta ka amelyore?

---

---

---

---



# Bibliyografi

Clarke, Adam. *Comentario de la Santa Biblia III (Kòmantè Bib III a)*. Kansas City, Casa Nazarena de Publicaciones: 1974.

Dunning, H. Ray. *Grace, Faith and Holiness*. Kansas City, Beacon Hill Press: 1988.

Grudem, W. *Teología Sistemática (Tomo I) [Teyoloji sistematik (Volim I)]*. Miami, Florida, Lavi: 2007.

Legliz Nazareyen an. *Manyèl Legliz Nazareyen 2007-2021*.

Leonard, Gay. *Artículos de Fe. En que creen los Nazarenos y porqué (Atik Lafwa. Sa Nazareyen yo kwè e poukisa)*. Kansas City, Nazarene Publishing House: 2009.

Marshall, I. Howard, Millard, A.R., Packer J.I. and D.J. Wiseman. *New Bible Dictionary*. 3rd edition, Intervarsity Press: 1996.

Mastronardi, Mónica. *Lo que creemos los nazarenos (Ki sa nou kwè nou menm Nazareyen yo)*. San José, C.R. Legliz Nazareyen, Rejyon MAC: 2002.

Purkiser, W.T. *Explorando Nuestra fe Cristiana (Eksplòre Lafwa kretyèn nou)*. Kansas City, Nazarene Publishing House: 1988.

\_\_\_\_\_ *Creencias para la Vida (Kwayans pou lavi)*. Kansas City, Nazarene Publishing House: 1964.

Purkiser, W.T, W.T. R. Taylor, W. Taylor. *Dios, hombre y salvación (Bondye, moun ak delivrans lan)*. Kansas City, Nazarene Publishing House: 1991

Riofrío, Víctor. *Teología Sistemática I. (Módulo del estudiante) [Sistèm Teyolojik I. (Modil elèv)]*. San José, C.R. Asosyasyon CNMAC: 2003.

\_\_\_\_\_ *Teología Sistemática II. (Módulo del profesor ) [Sistèm Teyolojik II. (Modil Pwofesè)]*. San José, C.R. Asosyasyon CNMAC: 2003.

Taylor, Richard S., Willard H. Taylor y J. Kenneth Grider. *Diccionario Teológico Beacon (Beacon diksyonè Teyolojik)*. Kansas City, Nazarene Publishing House: 1995.

Vine W.E. *Diccionario expositivo de palabras del Antiguo y Nuevo Testamento exhaustivo de Vine (Diksyonè Ekspozitif pawòl nan Ansyen ak Nouvo Testaman)*. Nashville, Tennessee, Karayib: 1999.

Wiley Orton. *Introducción a la teología cristiana (Entwodiksyon nan teoloji kretyèn)*. Kansas City, Beacon Hill Press: 1976.

